

Mesye, Èske Sa A Se Siy Fen Tan An?

62-1230E

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana Etazini

1 Mèsi, anpil, Frè Neville.

Bonswa, zanmi presye pa m yo. M tèlman kontan pou retounen ankò, aswè a, nan sèvis Seyè a, Bondye pa nou.

2 [Frè Neville di Frè Branham, “Sila a se sa ki an dirèk la, *isit la*.”—Editè a] Sa a se yon...Se *Sila* a. O, wi. Se kòrèk.

3 Mwen te kenbe nou tèlman lontan, maten an, jouk mwen santi ke m ta dwe reyèlman fè vit aswè a. Um-hum, en-en. Kèt, ala tèrib sa te ye, epi kanpe, e sa osi movè aswè a. Kifè, mwen pap long toutotan mwen pa gen espas pou nou, ou wè, osito ke legliz la konplete. Non, men nou pa gen plan rete twò long aswè a.

4 Men, demen swa, nou konte rete on ti jan pi ta. Demen swa, si genyen lan nou ki te ka antre, demen swa, enben, nou espere gen yon gran moman nan Seyè a. Va gen dè zòm de byen isit la demen swa. Nou tout, nou va gen yon tan...

5 [Yon frè Frè Branham, Edgar Branham, di, “O, ret tann mon chè! Mwen te gen yon komisyon pou m te ba ou. Mwen te bliye di w sa. Men, yon pakèt moun isit la di ke ou toujou ap kouri, pou fini sèvis. Men demen swa ou ka pran tout tan w vle, de setè a minwi, si w jis vle pran l. Bon, se sa ke oditwa isit la te mande m pou m di w. Konsa kounye a ou eksplike l pou yo, si se pa sa w panse.”—Editè a]

6 Nou va sèvi kominyon a minwi, demen swa. Mwen sèten nou–nou ta renmen genyen...patisipe nan sa. Pandan ke rès lòt yo ap fete ap rele, ap tire, ap bwè bweson, elatriye, nou pral jis koube ak reverans devan Bondye [Espas vid sou bann lan—Editè] pou pran kominyon, epi kòmanse ane a avèk angajman nou, ak tout kè nou pou Bondye, nan konsekrasyon a Li menm.

7 E va gen dè oratè de byen isit la demen swa, sèten, ase ladan yo. Gen de trè bon...Frè ki sot an Georgie li kanpe la, Frè Palmer, yon oratè mèveye. Frè Junior Jackson ap la demen swa; Frè Beeler, Frè Neville. O, la la, la la! Epi jis ap kontinye epi ankò, dè zòm de Dye de byen ki va isit la, Frè Willard Collins, ak tout frè sa yo ki te pote pou nou de tèl gran mesaj. E petèt gen lòt ki va glise antre, konsa nou va atann nou a yon gran moman demen swa.

8 Bon, madanm mwen te di, "Piga w di bagay sa," men m ap di l kanmenm. Mwen ekskize m poutèt mwen te di empire (anpi), maten an, olye de umpire (abit). [Frè Branham ak kongregasyon an ap ri—Editè a]

Billy, li menm chita dèyè a la, li t ap di, "Men li k ap rekòmanse."

9 Mwen te di, "Anpi a; li dwe gen yon anpi." Mwen te vle di, yon abit.

10 Mwen tankou sa yo te di sou Alman sa, ou konnen. "Piga nou pran m pou sa m di, men pou sa m vle di."

11 Mwen te di, "M panse ke yo konprann mwen, apre tout ane sa yo." Ou konnen, sa a se konsènan...

12 Sa fè trant lane mwen dèyè chè isit la. Trant an nan tabènak sa! Nou ta dwe kòmanse konprann mwen nan pwenn nou rive la, Se pa vre? O la la! Enstriksyon pa m se sèten li limite. Men mwen—mwen konsyan ke m pa gen pawòl fasil, men m ap fè yon bwi ak kè kontan pou Seyè a.

13 E, frè, mwen kwè se te Doktè Lamsa, responsab Lamsa Bible la, ki ap fè tradiksyon, ki te di...

14 Yon lè mwen t ap pale, e mwen pa t konnen si l te la. Li te retounen pou ap pale de Urim Thummim, epi la li t ap pale de Limyè sa. E li te di, "Ki pwoblèm moun sa yo jodi a?" E mwen te di...Li te di, "Rezon k fè moun yo, tradiktè yo, paka tradwi Bib la kòrèkteman, se paske tradiktè yo t ap eseye tradwi an Yiddish sofistike. E Jezi, lè l ap pale, li itilize langaj tèratè, jis tankou moun òdinè pale."

15 E, ou konnen, gen yon Ekriti la nan Lik, ki di, "Moun òdinè te konn tande L ak kè kontan." Li te konn pale langaj yo. Mwen espere ke se sa tou, ankò.

16 Nou kontan pou Seyè a. Kounye a, m konsyan, mwen wè medam yo ki kanpe toupatou. Sa deja ase movè pou w ap gade mesye yo kanpe, kan se jenn fi ak ti gason, ak medam yo, ak bagay konsa, ki kanpe toupatou bò mi yo, ak timoun piti, bliye sa. Men, nou jis pa gen yon

sal kòrèk pou met moun chita. Kifè, n ap priye ke, pwochenn fwa nou gen reyinyon, apre semèn sa, apre fwa sa...

17 Nou konnen, pwochen bagay k ap vini, dapre sa nou konnen, se Sèt So sa yo. E, si Seyè a vle, n ap kòmanse avèk yo imedyatman osito ke legliz la va fini, ak konstriksyon an, pou nou ka antre isit la. N ap vini pou yon nouvo konsekrasyon. E petèt nou ka pran anviwon youn ak de, e petèt twa semèn rankont, san rete, konsa, se yon anons pou—pou Sèt So yo. Kidonk, n ap atann yon gran moman nan Seyè a, pandan tan sa. E nou va...Nou tout moun k ap viv andeyò vil la, nou va poste kat denvitasyon yo ak tout bagay, pou fè nou konnen jis egzakteman moman an, petèt yon semèn, oswa de, anvan tan an.

18 Konpayi konstwiksyon an, dapre sa m konprann Billy ap pale de sa aswè a, y ap fini le dis Fevriye. Ebyen, si yo fini le dis, nou va kòmanse apeprè le kenz, alò. Kidonk, jis osito ke yo fini, n ap kòmanse antre drèt nan sa.

19 Vye Sè Kidd te rele m, sa fè yon ti tan, e li te prèske gen dlo nan jye. Li te di, “Frè Branham, nou te eseye ak tout fòs pou demare vye machin sa, men li pa t vle demare. Kidonk,” li te ajoute, “priye pou l ka demare, e nou va vini demen.” E li te di, “M ap mande si m te ka jwenn yon kote pou rete?”

20 Mwen te reponn, “Piga w enkyete w, n ap jwenn yon chanm pou ou, Sè Kidd, osito ke w gen...”

21 M te di, “Ke kè w beni.” Li te di, “Ou konnen, si w pral gen sèvis jiska minwi,” li te di, “Mwen pa vle soti apre minwi.”

22 Nou konnen, li menm ak Frè Kidd gen apeprè katreven senkan, yo chak, e yo toujou nan ministè a. Nou konn kisa y ap fè? Yo pran yon aparèy pou jwe bann, e yo pran Mesaj mwen yo pou al de lopital a lopital, de kay an kay, pou ap jwe bann yo. Bon, èske sa se pa sa w rele pigas w abandone a! Sa se pa pran retrèt. Sa se gade Lafwa, jiska lafen, pou ap mouri avèk yon Epe nan men w. Se fason pou al fè wout ou. Se fason sa mwen vle fè l. En-en.

23 Apre sa, li te di, “Ou konnen, si nou ta soti deyò, pou pran otowout la, a minwi,” li te di, “apre minwi lannwit, ap eseye rantre lakay, ak tout demon tafyatè sa yo,” li te di, “k ap kondwi,” “k ap kouri toupatou, ap bwè.” Li te di, “Demon sa yo k ap pwonmennen,” li te di, “Mwen t ap pè amò.”

24 Frè Pat, se sèten manzè se yon vyep ti bagay tou piti. Konbyen moun ki konn Sè Kidd? [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a] Li la chita, se, jis yon ti bagay ki sanble ak yon sen.

25 E, lè w, jis panse, ke dè zane anvan m te menm fèt (e mwen se yon nonm aje), li te anwo a la nan mòn yo, li menm ak Frè Kidd. Li t ap fè lesiv, tout lajounen, sou yon planch pou lesiv, pou l te rantre kenz oswa ven kòb pou chak lesiv, pou l te voye l soti kèkpa, nwit sa, pou preche. Nan min chabon anwo la nan Kentucky, kote nou...yon moun te dwe mete w an gad ak yon fizi, pou w te grenpe sou kolin lan, kote w te konn ale pou preche. O, la la! Alò, m t ap panse:

Èske yo dwe pote m kite lakay al nan Syèl, sou yon

kabann flè byen alèz,

Pandan ke lòt yo te batay pou ranpòte pri a epi te

navige atravè lanmè ki fèt ak san?

Mwen dwe konbat si m dwe reye; ban m plis kouraj,

Seyè!

26 Se sa, e mwen vle apwi Li, ak Pawòl Li. Se sa mwen vle aswè a. Bon, mwen sipoze ke machin pou anrejistre yo ap mache kounye a.

27 [Yon frè di, “Pa bliye konsekrasyon ti bebe yo.”—Editè a] O, wi. Mwen gen...Mwen ekskize m.

28 Yon ti sè te gen yon ti bebe la, maten an, ke li te vle konsakre. E mwen te di l ke se sèten nou va fè sa aswè a, e kounye a menm. Epi, demen swa, nou va gen konsekrasyon ti bebe yo, sèvis gerizon, tout bagay posib ke nou ka pase atravè yo. N ap gen anpil tan. Kidonk, si ti sè a isit la, ak ti bebe l la.

29 E mwen sipoze gen moun ki soti byen lwen, ki te la maten an pou antrevi prive, ak lòt bagay. E nou te sanse rankontre yo anndan la maten an, Billy te oblije fè yo tann jiska aswè a. Li pa t ka jwenn yo ankenn kote, aswè a, ou wè. Si nou isit la, sè, mwen te retounen la jis yon ti tan apre, ap tann, pou wè si l te ka jwenn dam lan. Se te yo de, mwen kwè, pou yon antrevi prive yo sot byen lwen peyi a. Kifè, nou–nou fè konfyans, si mwen rate w, m ap kapab pran w osito ke m kapab, petèt demen swa, menm kote m antre a.

30 Bon, mwen kwè, èske se dam lan, k ap vini la, ak ti bebe a ki gen jumper ble sou li a–a?

31 “Jumper”? Meda, Mwen—mwen—mwen pa t vle di sa, cheri, pe enpòt sa l ye a. Sa sanble ak yon ti jan de wòb...Jumper, konbyen moun ki konn sa yon—yon jumper ye? Enben, se sèten. Yon ansyen jackèt an salòpèt, dapre mwen. Kifè—kifè...

32 Ebyen, se ti bebe Dallas la. O, la la, se byen. Frè, èske w vle monte isit la. Ekskize m. [Frè Branham kite mikwo a pou ale sou youn nan kote chè a—Editè a]

33 Ebyen, ebyen, mwen on jan renmen ti riban sa la, ke w met sou li a. Kijan l rele? [Papa a di, “Rebekah Lynn.”—Editè a] Rebekah Lynn, L-y-n-n. E kounye a se kisa—se kisa siyati w ye? Stayton. Rebekah Lynn Stayton. Èske se sa? Èske m ka pran l? [“Sètènman.”] Mwen konnen sa on jan difisil, pou w bay youn konsa. Ala dou? Rebekah Lynn Stayton.

34 Fanmi sa a te pase atravè anpil. Ti bagay sa, jèn dam sa isit la, ak mari li, jis fenk sove toulède pou yo te vin konnen Seyè a. Epi kounye a, nan inyon yo, Bondye te bay bèl, ti Rebekah sa a, e yo pote l bay Seyè a.

35 Bon, anpil moun, yo rele enfi/anfan...batèm ti bebe, nan legliz Metodis ak anpil lòt, e yo aspèje yo ak dlo kan yo se ti bebe. Bon, se kòrèk, pou mwen menm. Men nou toujou eseye rete jis ak sa Bib la di pou fè. E nan Bib la, (non) pa t janm te gen yon tèl bagay tankou batize yon ti bebe; ankenn kote lè w pakouri listwa, jouk nan legliz Katolik primitif, dapre tout sa nou konnen, remonte osi lwen ke Konsil Nise.

36 [Ti bebe a ap kriye “Ba!”—Editè a] Kidonk se jis fason pou di, “Amèn.” Sa, ou wè, ou gen...Ou wè, ou dwe gen entèpretasyon an.

37 Kifè, men, nan Bib la, yo te pote timoun piti bay Jezi, pou L te ka beni yo. E Li te mete men “ sou yo pou beni yo. Epi, sa a, nou kontinye fè sa.

Kounye a annou bese tèt nou.

38 Papa nou nan Syèl la, jèn dam ak jènòm sa te vini aswè a avèk ti Rebekah cheri sa a ke W te ba yo, pou yo okipe, pou elve selon Bondye. E yo mennen l aswè a pou prezantasyon devan Seyè a. E lè manman an te ban mwen l sot nan men pa l, la mwen te ba Ou li soti nan men pa m, ti Rebekah sa a. Bondye, rete avè l epi beni l. Beni papa l ak manman l. Ke yo kapab viv lwayal, viv lontan, e, si se posib, ke yo wè Vini Seyè Jezi a. Ke timoun sa grandi nan konesans Seyè a. E pèmèt, si gen yon demen, pèmèt manzè vin yon gwo temwen pou Ou. Akòde l, Seyè. Kounye a, si W te isit la sou latè, medam ak mesye sa yo t ap pote timoun yo ba Ou. Men nou menm, minis Levanjil yo, nou se reprezantan W. Kidonk, nou ba W ti bebe sa, pou yon vi ap fè sèvis nan Wayòm Ou, lan Non Pitit Ou a, Seyè Jezikri. Amèn.

39 Ti Rebekah, ke w beni! Ala yon ti bagay byen dou! Ke Bondye beni nou toulède, ak ti bebe a, ke L bannou yon long ak yon vi ak kè kontan, nan sèvis Bondye.

40 M pa konn si m ase fò sifizaman, ou pa. Se tout on poto gason. Kijan l rele? [Manman an di, “Stanley Victor Cleveland.”—Editè a] Stanley... [“Stanley.”] Stanley Victor... [“Cleveland”] Clayland? Clay-... [“Cleveland”] Cleveland. Ti Stanley, ala yon bèl ti non, e ala yon bo ti gason! Enben, mwen sipoze, apeprè...Ann gade pa bò isit la, Stan. Sa se yon ti gason de byen? O, ou konnen. Nou pa pratike sa. Nou jis fè sa, ou konnen, pa gen anyen fòmèl konsènan sa. Se vre. Se sèten li se yon ti zanmi byen dou. Mwen bliye siyati a. Mwen pa kwè mwen byen pwononse l. [“Cleveland.”] Cleveland. Dakò.

Annou koube tèt nou kounye a.

41 Papa nou ki nan Syèl, koup sa mennen ti bebe sa, ti Stanley Cleveland, pou konsakre a Seyè Jezi a. E pandan pastè legliz la, avèk mwen la, kanpe ansanm ini nan travay Seyè a, nou ba Ou timoun sa pou yon vi sèvis. Ou bay li a manman ak papa sa; e kounye a yo ban mwen l, mete l nan bra m; e mwen plase l soti nan men pa m a men pa W. Bondye, beni papa l ak manman l. Beni ti gason an, e ke yo tout ka viv lontan, yon vi sèvis ak kè kontan pou Ou. Ke timoun lan leve nan avètisman Bondye, pou sèvi L, ak krentif pou Li, ak lanmou pou Li, tout jou vi li. Kounye a, yo pote timoun yo ba Ou, pou W ka beni yo; epi nou menm, avèk men nou sou timoun lan, beni li lan Non Seyè a. E ke l kapab viv yon vi long ak kè kontan ak sante ak fòs, pou sèvis Ou. Lan Non Jezi. Amèn.

Bondye beni w, ti Stanley. Nou gen yon ti gason de byen la.

42 Kounye a m pral jis mande yon ti favè, a pi piti yo ak adolesan yo. Mwen konnen sa di. Nou paka ret trankil lontan, paske janm nou gen kranp. Men m ap abòde yon bagay aswè a ke m pa t janm fè anvan. E gen yon bagay ke m pral pale sou li, ke m pa t janm panse m te ka pale sou yon tèl bagay.

43 Se pou rezon sa, maten an, mwen pa t vle bay Mesaj sa yon tan limite, e m pap janm ka pase atravè pou ap pale de Absoli pa m, e m pa panse m ap janm fè sa. Mwen espere m pap janm fè l. Li tèlman mèveye!

44 Men, aswè a, mwen pral pale sou yon bagay ke mwen pa konnen. Bon, sa se tout on koze, pou yon minis di ke l ap pale sou yon bagay ke li pa konnen. Men m ap avantire mwen, dapre meyè konesans mwen, pou...pou legliz sa ka konprann. E mwen pa t ap, pou kèlkeswa rezon an, kache anyen pou nou, ki pwofitab pou nou.

45 E la, bann sa, mwen sipoze ke ti mesye yo ap anrejistre. E si sa ta bay ke ou jwenn bann lan, kèlkeswa moun ki ap tandè bann lan, sonje, si yon bagay pa klè, pou ou, pa di anyen sof si li sou bann lan. Piga w di yon bagay kontrè a sa k sou bann lan.

46 Anpil moun ekri, sou *Semans Sèpan An*, pou di ke mwen te di tèl-tèl bagay. Mwen te pran bann lan, rejwe li. Mwen pa t di l fason sa. Ou wè, moun yo mal jije bagay yo.

47 Ou konnen, Jezi, yon fwa apre rezirèksyon Li, t ap mache sou rivaj la, ak apot yo, e Jan te apiye sou lestomak Li. E yo te mande, “Kisa k ap rive a nonm sa a?”

Jezi te reponn, “Kisa sa t ap fè w si l ta rete jouk Mwen vini?”

49 E Lèzekriti di, “Poutan, Li pa t janm di l fason sa.” Ou wè, Li—Li pa t janm di sa. Li te jis di, “Kisa sa ap fè w si l ta rete jouk Mwen vini?” Li pa t janm di li t ap rete. Men, ou wè, movèz konpreyansyon, se tèlman fasil.

50 E, la, se-se pa ke m ap kondane yon moun poutèt li fè sa. Paske, mwen menm, mwen fè l. E tout moun fè l; si apot yo, ki te mache ak Seyè nou an, te mal konprann Li. E pa t janm konprann Li klèman.

51 Jiska lafen, yo te di, “Men ni, kounye a nou konprann. Kounye a nou kwè. E nou sèten ke pèsonn pa bezwen di W anyen, paske Ou konn tout bagay.”

52 E Jezi te di, “Èske nou kwè kounye a?” Ou wè? “Aprè tout tan sa, èske nou fi-...Èske finalman sa rive a nou, ou wè, pou nou ka kwè?”

53 E sa jis imen. E nou tout se imen, kifè nou va mal konprann.

54 Men si sa on ti jan pa klè pou ou, rejwe bann lan. Koute byen lè sa. Mwen sèten Sentespri a va revele l pou ou.

55 Alò, ti zanmi yo, si nou ka jis rezève “amèn” nou yo, timoun yo. Jis ret tan on tikras, poutèt mwen—mwen vle asire m ke nou resevwa sa a, paske anpil moun pap gen bann lan. Kidonk, mwen vle asire m ke w resevwa l. Annou abòde l, paske, m ap pale pandan trant senk minit, oswa karant, jis avèk otan reverans ke nou kapab fè sa.

56 Paske, sa a se yon tan tèrib pou mwen. Se kote yon bagay te rive, ke mwen pa konn kisa pou m fè. Ou wè? E mwen retwouve m nan pozisyon ki pi tèrib ke m pa t janm konnen, nan jou ministè mwen, dapre sa m konnen.

Kifè, annou koube tèt nou kounye a, anvan nou apwoche Pawòl la.

57 Papa nou nan Syèl la, la, sa fè kèk tan, mwen te preche sou sijè *Prezime*. E *prezime* se “avantire san otorite.” E petèt ke, aswè a, Seyè, mwen pran sou responsablite m pou entèprete bay moun yo, yon bagay, san m pa gen yon vizyon de li. Kidonk, Seyè, sonde mwen, kote pwèn yo dwe tcheke; fèmen bouch mwen, Seyè. Ou te fèmen bouch Lyon, nan gwòt Lyon avèk Danyèl, pou l pa t fè l mal. Seyè, m priye, ke, si m t ap eseye entèprete yon bagay mal, Ou ankò gen pouvwa pou fèmen bouch. Men si se Laverite, alò, Seyè, beni L, epi voye L ale. E Ou konn kondisyon yo ak sa ki sou pwèn rive. E se poutèt sa mwen te vini, menm si se nan dènye moman an, sou chè a, pou eseye entèprete bagay sa yo. E mwen priye W pou ede nou.

58 Beni ti legliz sa. Gwoup sa ki vin isit la anba plafon sa, ki la avèk nou isit la nan vil sa, yo soti nan plizyè eta. O, kan onb aswè yo ap desann, nou tèlman kontan pou gen yon plas pou nou vini. Kan mond lan tèlman nan konfizyon e yo pa konn ki kote pou yo kanpe, nou kontan, ke, “Non Seyè a se yon tou pwisan, e jis la kouri antre Ladann pou sekirite l.” Se pa jis tèlman Pawòl anpil, men yon revelasyon!

59 Kidonk, nou priye, Papa, alòske Limyè di swa ap vini, nan moman kouche solèy la. Nou kwè ke se nan tan sa ke n ap viv, nan kouche solèy la. E nou remèsye W seryezman pi plis ankò, Seyè, ak tout kè nou, pou bagay ou te fè pou nou yo. E Seyè, atravè lèzaj ap desann, mwen remèsye W poutèt ou te pèmèt vizyon ke W te bay yo, yo chak te jis pafè, e chak entèpretasyon rèv te egzakteman fason sa. Kifè, nou konnen ke se te sèlman Ou menm, Seyè; paske nou mòtèl, nou tout fèt nan peche, e pa gen yon sèl bagay kòrèk lan nou. Men, pou ap panse ke Ou te ka pran yon tèl bagay, tankou èt imen, pou lave yo ak dlo Pawòl la, ak San Kris la; epi etann men sa yon tèl fason, jouk moun lan paka itilize pwòp panse l, men li kite panse Kris, Ki konn tout bagay, li kite L antre pou ap pale epi itilize yon tabènak. Mèsi, Papa.

60 Kounye nou beni Sen Non Ou. E nou beni ti gwoup sa, aswè a, lan Non W. Nou beni pastè a, Frè Neville, sèvitè de byen Bondye a. Nou beni dyak yo, administratè yo, ak chak manm Kò Kris la, alafwa isit la ak toupatou nan mond lan, lan Non Seyè Jezi .

61 O, alò ke nou wè tenèb, tenèb tèrib sa k ap tonbe sou tout Kreyante a, nou konnen ke tan an pwòch. Ap gen yon Anlèvman, e Legliz va monte. Seyè, kite nou avanse, pou ap gade Otè e Finisè a, Kris. Akòde l, Seyè. E pandan n ap avanse kounye a, lan Non Seyè Jezi, pou sezi bagay sa yo ke yo te mete sou kè nou an, nou priye ke Ou va avèk nou pou ede nou. Epi pran glwa a, Seyè, paske nou remèt tèt nou a Ou menm, avèk Pawòl Ou, lan Non Jezikri. Amèn.

62 Kounye a, si w gen kreyon ak papye, mwen ta renmen w pran nòt sou kèk bagay, tankou...osinon tout sa w vle a. Jis genyen yo prè. E apre sa, moun k ap tandè bann yo, tou, si nou vle note Ekriti yo, a nenpòt moman an, paske mwen kwè se Ekriti a ki enpòtan.

63 Bon nou vle li yon tèks aswè a, oswa li yon Ekriti nan Liv Revelasyon Jezikri a. E mwen kwè ke sa se Revelasyon Jezikri a, tankou sa ekri nan Liv la. E tout lòt revelasyon ki ta kontrè a Revelasyon sa a, t ap fo. Mwen kwè sa ap sèvi kòm referans...pou ap site—pou ap site ankò. Tout revelasyon ki pa an liy ak Revelasyon sa a, pou mennen limyè sou Revelasyon sa, se move revelasyon an. Sa dwe dapre Lèzekriti.

64 Bon, nan chapit 10 Liv Apokalips/Revelasyon Jezikri a, Mwen vle li kèk nan premye vèsè yo, sèt premye vèsè yo, 1 a 7. E koute byen kounye a, epi priye pou mwen.

Aprè sa, mwen wè yon lòt zanj ki te gwonèg anpil desann soti nan syèl la. Li te vlope nan yon gwo nwaj ak yon lakansyèl kouwonnen tout tèt li. Figi l' te tankou solèy la. De janm li yo te tankou de gwo flanm dife.

Li te kenbe yon ti liv louvri nan men li. Li mete pye dwat li sou lanmè, pye gòch li sou tè fèm.

Li pran rele byen fò tankou yon lyon k'ap gwonde. Lè li fin rele, sèt tonè yo pran gwonde reponn li.

Fini yo fin pale, mwen tapral ekri sa yo te di a, lè m' tandè yon vwa nan sièl la ki di m' konsa: Sa sèt tonè yo sot di a, se yon sekre pou ou kenbe. Pa ekri li.

Aprè sa, zanj mwen te wè kanpe sou lanmè ak sou tè fèm lan leve men dwat li nan syèl.

Li fè sèman sou non Bondye k'ap viv pou tout tan an, Bondye ki fè syèl la ak tou sa ki ladan l', tè a ak tou sa ki ladan li, ansanm ak lanmè a ak tou sa ki ladan li. Zanj lan di: Yo p'ap bay dèlè ankò.

Men nan jou vwa setyèm anj lan, lè li va kòmanse klewonnen, mistè Bondye a va fini, jan l te deklare l bay sèvitè pwofèt yo.

65 E tèks mwen an, si m ka rele l konsa, aswè a, se sa: *Mesye, Èske Sa A Se Siy Fen Tan An?*

66 Nou tout nou konnen n ap viv nan yon—nan yon tan gloriye pou Legliz, men yon tan tèrib pou enkwayan an. E n ap viv nan youn nan moman ki gen plis danje pami yo tout, tout tan ki te janm rive yo, depi ke mond lan te kòmanse. Ankenn pwofèt, ankenn apot, jamè nan ankenn tan, te janm viv nan yon tèl tan tankou sa n ap viv kounye a. Sa a se fen an.

67 Sa ekri nan syèl la. Sa ekri sou fas tè a. Sa ekri nan tout jounal. Sa se fen an, si w ka li ekriti a la men an. Pwofèt yo te viv nan tan kote ekriti a la men an te sou miray la pou yon nasyon, men nou menm n ap viv kote ekriti a la men an sou miray la pou tan an. Tout nasyon yo, tè a, tout bagay, tan an rive nan fen li. Kidonk, nou dwe fouye Lèzekriti, pou jwenn tan n ap viv la.

68 Yon vrè pwofèt Bondye ap toujou, ale nan Lèzekriti. Kifè se yon absoli ke sa dwe konsa. Nan Ansyen Testaman, lè pwofèt yo te di nenpòt bagay la, te toujou gen yon pwofèt, yon kote, avèk Pawòl la, ki te rete avèk Pawòl la. Li te konn ap siveye Bondye pou vizyon yo. E si vizyon l lan te kontrè ak Pawòl la, alò vizyon l lan te fo. Se fason pa Bondye pou fè Pawòl Li a al jwenn moun Li yo.

69 Èske nou tande m, dèyè nèt la, dakò? [Frè Branham fè yon poz—Editè a] Mwen jis pa konn kote pou m kòmanse.

70 Bon, se te yon gran privilèj pou mwen, pou m te pran konsyans ke tabènak sa se te premye legliz mwen. Se yon bagay gloriye. E m pap janm bliye, menm si m...Jezi ta tade epi m ta viv dè santèn dane. Mwen sonje jou m te poze pyè angilè a/premye gwo wòch kwen an, la nan kwen an; ak vizyon Li te ban mwen jou maten sa, konsènan tabènak sa. E nou tout sonje. Sa ekri nan liv yo. E sa te akonpli absoliman, a la lèt, pa t manke menm on ti pousyè.

71 E, kounye a, mwen pa kwè ke gen kwakseswa Li te di, tout lane sa yo nan vi mwen, ke mwen te deklare moun yo, ki pa t akonpli. E anpil moun te vini ak sonj, ke Li te pèmèt mwen, ak gras Li, entèprete pou moun yo. E anpil te vini ak sonj ak pwoblèm ke m pa t kapab entèprete.

72 Men mwen pa t eseye entwodwi pou nou menm moun yo yon fòste ki gen tout repons. Mwen te eseye rete onèt pou di w sa k te Verite, e mwen te ka di w sèlman sa L te di m. E lè sa alòske sa te vin a mwen menm, alò mwen te ka di w li.

73 E mwen vle avèti w. Nan jou ke n ap viv ladann lan, gen anpil...Pa—pa pou di anyen kont moun. Men kan w wè yon moun ki gen repons pou tout bagay, sa kontrè ak Pawòl la.

74 Jezi di, “Te gen anpil lepre nan jou Eli yo, men youn sèlman te geri.” Nan pakèt lane yo, katreven oswa plis, ke Eli te viv, e yon sèl lepre te geri. Anpil vèv nan jou Elize yo, men yo te voye l sèlman pou youn. E nou jwenn ke gen anpil bagay ke Bondye fè, ke Li pa revele a sèvitè L yo. E ankenn sèvitè pa pi gran ke Seyè li.

75 E, apre sa, Bondye pap pataje Glwa Li ak pèsonn. Li se Bondye. E kan yon sèvitè atenn yon nivo kote l ap eseye pran plas Bondye, alò Bondye pran vi li pou mete l kèkpa, oswa yon bagay konsa. Nou dwe sonje sa.

76 Bon, nan vizyon sa yo ak entèpretasyon yo, mwen paka bay entèpretasyon on sonj tan ke mwen pa wè egzakteman, pa vizyon, sa sonj lan te ye. E anpil lan nou konnen ke nou te di m sonj pa nou, e nou pa t menm di l nèt. E kan m te wè sonj lan retounen vin jwenn mwen, m konn vire pou di nou ke gen pati ladann ke nou te kite, alò mwen te di nou sa nou te kite a. Nou konnen ke se vre. Èske se pa vre, di, “Amèn.” Amèn. [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a] Bagay ke nou pa t di m. Kidonk, ou wè, si ... Tankou Nebuchadnezzar te di, “Si nou paka di m sa m te reve a, alò kijan m ka fè konnen ke nou gen bon entèpretasyon an?”

77 Men tout enpresyon sa yo, nou pa dwe pran yo pou di, “ENSI DI SEYÈ A.” Nou pa dwe fè sa. Nou dwe gen yon vwa dirèk, yon repons ki vin de Bondye, anvan nou ka di ke se Bondye. Pa yon enpresyon, pa yon sansasyon, pe enpòt jan sa ap fè kè w bat.

Ou ka di, “Mwen kwè sa kapab fason sa.”

78 Men kan w pwononse, “ENSI DI SEYÈ A,” se pa ou menm. Obsève sou estrad la. Èske w te janm wè l fayi? ENSI DI SEYÈ A pafè, pa t janm fayi. E osi lontan ke se ENSI DI SEYÈ A, li paka fayi.

79 Men, jiskaprezan, li pwoteje m, paske m te tann li. M pa t eseye chèche popilarite, oswa glwa grenmesi lèzòm. M te fè tout sa m kapab pou m viv avèk imilite, epi pou m viv kalite vi mwen panse yon kretyen ta dwe viv. Apre sa, m pa t kapab fè sa nan mwen menm, men Li te fè l jouk jounen jodi a. Jan m di a, se li menm ki te kondwi m.

80 Anpil bagay ta ka di nan fason sa a, men sa ta pran twòp tan. Men nou tout okouran de bagay sa yo. Epi sèl rezon ki te fè m fè nou di “amèn,” yon ti tan de sa, nou menm moun ki te di m rèv nou yo, answit, m ta vin di w sa w pa t di, paske mesaj sa a te anrejistre. Moun tout nasyon va tandè sa. E lè yo tandè “amèn” sa a, lè sa a yo konnen ke gen vwa la a, ki chita anba ministè sa a, ki konnen mye ke fè sa k mal, oswa di “amèn” a yon bagay ki mal. Amèn se “konsa l dwe ye.” Se apwouve l.

81 Kounye a, pandan tout vi m, depi m te yon ti gason, gen yon bagay ki deranje m. Apre sa, m te gen yon vi trè etranj, difisil pou konprann. Menm madanm mwen konn grate tèt li epi di konsa. “Bill, m pa kwè gen moun ki ka konprann ou.”

82 Epi m di: "Mwen pa konprann tèt mwen." Paske, mwen soumèt, angaje m a Kris la, sa fè plizyè lane de sa. Se li k ap kondwi m. M pa eseye konprann li. M jis al kote l mennen m, le mye ke m konnen.

83 Mwen rekonesan pou yon bèl madanm ak pitit mwen yo, epi pou madanm mwen ak pitit mwen yo ki gen konfyans ke m pa ta di yo anyen ki mal. Sa, ke yo kwè. Chak fwa ke w di yo yon bagay, yo rete drèt ak li. Yo konnen ke m pa ta di yo anyen k pa sa.

84 Epi èske m ta di youn nan pitit Bondye yo yon bagay ki mal, alòs? Pa volontèman. Non, mesye. Bondye vle pou pitit li yo gen bon jan fòmasyon. Epi pou ke w onèt ak yo, epi sensè ak yo, epi L va beni l, mwen kwè.

85 Kounye a, pandan tout tan, toutolon vwayaj la, te gen bagay ki te rive, mwen pa t kab konprann. Epi youn nan bagay ke m pa t kab konprann, se lè m te yon tigason e vizyon yo t ap vin sou mwen. Epi m ta wè yo epi di paran m yo bagay sa yo ki pral rive. Yo te panse m te jis sou presyon. Men, sa k dwòl la, li te rive jis fason sa te di a. Ou di, "Eske se te anvan konvèsyon w?" Wi.

86 Bib la te di: "Don yo ak apèl yo san repantans. Ou fèt nan mond sa a pou yon rezon. Epi w pa... Repantans ou pa mennen don yo; yo predestine a oumenm.

87 Kounye a, nan chemen an, e lè m te yon tigason, dezi mwen se te... Mwen pa t satisfè nan peyi m te viv lan. Mwen anvi, nenpòt ki jan an, pou m al nan Lwès.

88 Epi yo te opere m, lè yo te tire sou mwen, lè sa a M te yon tigason. Apre sa lè m te soti, anba premye anestezi a, m te panse m te nan touman, m t ap desann. Etè a te fè m soti nan mwen. Apre sa, m te pati depi uit èdtan, m kwè. Yo te enkyete pou m te tounen antre nan mwen menm ankò. Yo te fè yon kokenn chenn operasyon, san penisilin. Ni san; tou de janm yo prèske koupe, ak yon revolvè. Yon ti zanmi gason ki te kite zam li chape.

89 Apre sa, anviwon sèt mwa apre, m te pran yon lòt anestezi. Epi, lè ke m soti anba anestezi sa a, m te panse m te kanpe nan plenn lwès yo. Epi yon mayifik kwa annò nan syèl la, epi glwa Bondye a ap briye sou li. M kanpe la a konsa.

90 Lè Limyè a, ke w wè sou foto a aswè a, sa te pwouve ke li se yon Èt Sinatirèl, pa rechèch syantifik; pou mwen, Se te menm Limyè ki te frape Sen Pòl la. Se te menm Limyè ki te dirije pèp Izrayèl la, nan mitan lannwit. Eske ou remake la a, zanj sa a? "Li te vlope nan yon nwaj." Ou wè, se te "yon nwaj lajounen". Kounye a, menm Limyè sa a.

91 Menm jan pou moun ki pa konprann nan, premye panse a sèke l fo, ke se te mwen k te jis di sa. Men, Sentespri a te rive kache enstriman syantifik yo, epi moun ki la yo, pou yon konfimasyon, epi te pran foto Li, plizyè fwa.

92 Mwen te di: "M wè yon moun ki gen lonbraj lanmò," lonbraj nwa sou yo. Kèk semèn de sa lè m te nan yon vil. Epi lè n ap preche, ou pa—ou pa sipoze pran foto, ou konnen, pandan preche la. Epi lè...Menm bagay te fèt lè yo te pran sa a; men yon moun te gen yon kamera. Apre sa, m te di yon dam ki chita la a, yon etranje... Mwen te nan—nan Southern Pines. Mwen te di, "Gen yon lonbraj sou Madmwazèl entèl entèl." Yon dam ke m pa t janm wè nan vi m. "Ou jis sot kay doktè a; ak de kansè, youn sou chak sen w yo, epi w vle abandone. Ou gen lonbraj ak yon kapichon nwa, pou lanmò."

93 Epi Yon bagay te di yon sè ki te chita a kote a, ki te gen yon kamera ak flash, li di: "Pran foto a." Epi li pa t vle fè l. Ankò, "Pran foto a," epi li te toujou ezite. Apre sa li te vin ankò, epi li te pwan foto a ... epi li te tire foto a. Epi men l la a, syantifikman. Li sou tablo afichaj la; lonbraj kapuchon-nwa a.

94 Answit, lè dam nan te kwè epi lapriyè te fè, yo te pran yon foto dirèkteman pa dèyè l, li te klè. M di: "Lonbraj la ale." Ou wè? Dam nan vivan, pa gras Bondye a.

95 Èske w wè sa m vle di? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Si w di laverite, yo gendwa ri w pou yon ti tan, ou ka mal konprann pou yon ti tan. Men, Bondye ap konfime, ke se verite a, si w jis rete avè l. Ou wè? Jis kenbe fèm. Sa ka pran plizyè lane, men, menm jan pou Abraram ak lòt moun yo, men Li pral toujou fè l verite a.

96 Lè Zanj sa a la a...Epi m sipoze, anplis de madanm mwen, gen moun isit la aswè a, depi trant an de sa, ki te kanpe pwòch la a lè ke L te desann lan. Èske gen yon moun nan asanble a kounye a ki te la lè zanj Seyè a, te desann sou rivyè a pou la premyè fwa, devan moun yo? Leve men w. Wi, Men yo la a. Ou wè? Kounye a, mwen wè Madan Wilson leve men l. Li te

kanpe la a. Madanm mwen, ki la a, li te la. E m pa konnen kiyès ki se kèk nan rès yo ki te kanpe bò rivyè a la a, devan anpil, anpil moun, lè m t'ap batize a 2 zè nan apremidi.

97 Epi la menm nan syèl koulè kwiv la, kote pa t gen lapli pandan plizyè semèn, men Li vini ak yon gwondman, epi L te di: "Kòm Jan Batis te vini, pou prevwa premye Vini Kris la, se ou menm yo voye ak yon Mesaj, pou anonse dezyèm Vini Kris la."

98 Anpil nonm, depi biznisman, nan vil la, te kanpe sou bò rivyè a, t ap mande m kisa Sa vle di. Mwen te di, "Sa pa t pou mwen. Se pou ou. Mwen kwè." Uh-huh. Epi L te kite. Epi lè zanj sa a te ale, si nou sonje, li te ale nan direksyon lwès pandan l t ap monte; soti tout dwat, li monte, anlè tèt pon an, epi li ale nan direksyon lwès la.

99 Kèk tan apre, mwen te rankontre yon astwonòm, ki se yon Maj. Epi yo te pale m de yon konstelasyon zetwal ki te reyini nan yon kèlkonk konstelasyon.

100 Lè, maj yo nan lavil Babilòn te gade anba a nan direksyon La Palestin twa zetwal sa yo nan yon konstelasyon. Ou te tandè m di l, plizyè fwa. Èske w konnen sa a te pwouve, nan dènye semèn sa yo, ke se laverite? Frè Sothmann, ou gen jounal sa a avèk ou aswè a, nenpòt kote w ye a? Se nan jounal la, yon pati nan jounal dimanch lan, nèf desanm nan, ke yon repòtè ki te al la, epi yo te detere tout bagay sa yo. Epi nou avrèdi ap viv kounye a, ki pwouve ke, ke n ap... Ane sa a k ap vini an se 1970. Sèt ane de reta, dapre wòch detere yo, epi ki pwouve ke se fo. Li pi ta ke w panse. M pa t wè Frè Fred, antouka. Frè Sothmann, èske w la? Èske w gen jounal la avè w, frè Sothmann? Ou genyen l. Li gen jounal la. Petèt demen swa m pral fè w li l. Nou pa t ap gen tan, aswè a. konsa, ou ka wè l.

101 Epi, obsève, egzakteman. Maj sa yo, maj jwif yo anwo nan Babilòn, ap etidye zetwal yo, zetwal sa yo ki tonbe nan konstelasyon yo. Epi lè l te fè sa, yo te konnen Mesi a te sou tè a. Epi yo vinn laa, Jerizalèm, ap chante. Yo te vwayaje pandan dezan! "Ki kote wa jwif yo fèt la?" Yo t ap monte desann nan tout lari yo. Epi, sa w konnen, Iz-... Izrayèl t ap ri yo, "Bann fanatik sa yo!" Yo pa t janm konn anyen de sa, men Mesi a te sou tè a. Epi kounyeya ou konnen rès istwa a, kisa yo te di. Ebyen, nou pral li sa, demen swa.

102 Kounye a, palan de sa, sèke vizyon yo pa echwe, paske yo vinn de Bondye. E toutolon vwayaj la, gen yon bagay ki atire m, k ap travay mwen.

103 Kidonk, lè maj sa yo te di m bagay sa yo, alòs ke m te jis yon tigason, gad chas; oswa anvan sa, mwen kwè ke se te, sou bagay sa yo. E sa te fè m pè, paske m te pè sa maj yo ye a. Men pita mwen te vin konnen ke Maj nan Bib la te gen rezon, paske Bondye deklare li nan syèl la anvan L deklare l sou tè a, gade zetwal sa yo nan syèl la.

104 Pyè te di: “Bondye pa gen respè pou pèson, nan tout nasyon. , men moun ki genyen L krentif, nan tout nasyon, Bondye aksepte l. [Tach vid sou kasèt—Ed.]

105 Epi nou jwenn, lè sa a, m te eseye abandone panse a. Men, o, sa ta pran dè zè, pou antre ladann, kouman sa ta toujou deplase fason sa a, deplase nan fason sa a. Men, mwen te pè li.

106 Maj sa a te di m: “Ou p ap janm gen siksè nan Lès.” Li di: “Ou fèt sou yon siy.” Epi li di: “Ou...siy sa a, konstelasyon sa a, lè yo te kwaze, tout anwo laba a, jou ke w te fèt la, yo te pandye nan direksyon lwès la. Kidonk ou dwe ale nan direksyon lwès.” M te di, “Bliye sa.”

107 Mwen—mwen pa t gen anyen pou wè ak sa. E tout tan sa a, kwake, ankò, sa pa t retire l nan kè m.

108 Kidonk, lè m te monte la a jou swa sa a, konsènan vizyon sa yo. Mwen pa t kab konprann yo. Frè Batis mwen yo te di m ke sa te vinn de dyab la. Kidonk, lè zanj sa a te parèt, li te jistifye l nèt ak Ekriti a, epi l di, “Menm jan sa te ye lè sa a!”

109 Lè prèt yo tap diskite sou bagay yo, san yo pa t konn anyen sou ki kalite palto yo ta dwe mete, ak rad e tout bagay, epi yo t'ap diskite sou diferans ki genyen, Maj yo t'ap swiv zetwal la nan Kris la.

110 Lè predikatè yo te di Jezi se yon enpostè, yon Bèlzeboul, yon move lespri te leve, epi di: “Nou konn kiyès ou ye, Sen Bondye a. Poukisa w vin toumante nou anvan lè a?”

111 Lè Pòl ak Silas te desann, t'ap preche Levanjil la, yon ti divinò ki te chita nan lari a...Epi predikatè peyi sa a te di, “Mesye sa yo se enpostè. Yo kraze legliz nou yo, ak lòt bagay, yo vire monn nan tèt anba, ak koripsyon yo a.”

112 Men kisa k te pase? Ti Maj sa a, ti divinò sa a, te di: “Sa yo se moun Bondye, ki fè nou konn chemen lavi a.” Epi Pòl te reprimande lespri sa a ki te nan li. Li pa t bezwen okenn èd pou temwaye ki moun li te ye.

113 Jezi te toujou di yo pou yo fè silans. Men, sa montre ke, pafwa, dyab yo konnen plis sou zafè Bondye pase predikatè yo; yo tèlman gen atach eklezyastik. Se te konsa, nan Bib la, e Bondye pa chanje.

114 Yon jou, mwen t ap desann soti kot frè Normand, senk ane de sa, m t ap kondui sou wout la. Apre sa mwen jis te gen yon reyinyon anwo a, epi Seyè Bondye a parèt devan m 'nan yon vizyon. Apre sa, mwen te chita devan baryè m nan, isit la lakay mwen. Epi tan an sanble te move.

115 Anpil nan nou pral sonje vizyon an. Sa te ekri nan liv vizyon m yo. Mwen note yo pou m ta asire m ke m pa bliye yo.

116 Epi nan vizyon sa a, m te wè, te gen yon bagay ki te travèse chemen an, e te gen wòch ki te blayi toupatou lakou m nan. Apre sa, te gen kamyon klasè ak gratè, k ap monte-desann nan chemen an, epi y ap koupe pye bwa yo e derasine yo. Apre sa, m te kòmanse vire antre nan baryè a, epi l te bloke nèt ak wòch. Apre sa m te oblije soti, pou m' di nonm lan: "Pouki rezon bagay sa a?" Epi li te vin gwosye anpil, li te pouse m relike, epi li di, "Se konsa ak nou menm predikatè yo!"

117 M di: "M te sèlman mande w: Poukisa n fè sa a? Ou ap—w ap vin sou bò lari pa m nan, la a. Poukisa w te fè sa?" Apre sa, li te jis prèske souflete m, li pouse m rekile.

118 Epi m te panse: "M jis pral di l li pa konn de sa l ap pale a."

119 Epi yon Vwa te pale, li di: "Pa fè sa. Ou se yon minis." Epi m di, "Trè byen."

120 Apre sa m te fè demitou, epi, adwat mwen, yon vye charyo a bèch pou sèvi nan plenn te depoze devan baryè a. Ou konn ki sa, yon charyo kouvri, ak chwal yo tache nan li. Epi madanm mwen te chita lòt bò kote chofè a. Mwen gade dèyè, epi pitit mwen yo te chita la a. Mwen monte sou charyo a. M te di madanm mwen, "Cheri, m te pran pozisyon pou tout sa m te kab pran pozisyon." Apre sa, mwen pran kòd yo epi rale chwal ki antèt la, epi yo te kòmanse pran direksyon lwès.

121 Epi yon Vwa te di m: "Lè sa a akonpli, ale nan direksyon lwès."

122 Frè Wood, ki se kontraktè isit la nan legliz nou an, e administratè. Konbyen ki sonje vizyon an kounye a, sonje m te di w li? sèten. Li note sou papyè. Epi m te di Frè Wood...Li te achte, nan men legliz la, pòsyon teren nan mitan la a. Epi li te pral bati yon kay an wòch la. Mwen te di: "Pa fè sa, Frè Wood, paske yo pa t ap janm ba w kòb ou depanse pou li a. Petèt, petèt..." Sa fè dè zane de sa, senkan de sa. M te di, "Yo pral, petèt, fè pon an pase isit la, epi wòch yo se pwobableman sousòl mwen an ki te pete, ak twotwa m yo e bagay sa yo, ki te depoze deyò isit la." Olye de wòch, se te blòk an beton. "Aprè sa, yo pral mete sa isit la, paske yo te di nan jounal la ke se sa yo t ap eseye fè." Bon, li pa t 'konstwi l. Finalman yo te deside, apeprè yon lane pita, oswa de, yo ta pral fèl pase bò la a. Se konsa ke sa te regle, kidonk m jis bliye sa, epi kite l tonbe.

123 Kounye a, bagay etranj la te pase anviwon yon lane de sa. M te gen sèvis yon swa kot frè Junior Jackson. Yon minis Metodis te chita la a, ki te resevwa Sentespri a, epi ki te batize nan Non Jezikri, li t ap dirije youn nan legliz sè nou yo.

124 Jis pou m montre n ki jan Bondye aji ak pèp sa a, m di sa ak tout kè m. M pa konn okenn asanble nan lemonn antye, yon asanble ki plis ini, kote mwen kwè ke Lespri Bondye a ye, ke nan asanble sa a. Yo te gen diferans yo. Se sèten yo poko rive kote yo ta dwe ye, pa youn nan nou, men yo osi pwòch ke nenpòt lòt moun ke m konnen. Mwen pral montre w, ke m konn sa k pral rive.

125 Frè Jackson te fè yon rèv. Li pa t 'kab pase l de li; epi m ta pral kite legliz li a, e l jis pa t kab sipòte sa.

126 Sa fè konbyen tan sa te pase, Frè Jackson? [Frè Jackson di: "Mwen te fè rèv la an fevriye 61, frè Branham." — Ed.] Fevriye 61, li te fè rèv la.

127 Epi li vin kote m, li di: "M gen yon bagay sou kè m. Mwen dwe di w li, Frè Branham." Mwen te di: "Kontinye, Frè Jackson."

128 Epi li di: "M fè yon rèv." E men sa l te ye! M jis te chita trankil, e m t ap koute e atansyone. Li te di, "Mwen reve ke te gen yon ti mòn espektakilè, kòm si se nan yon jaden, kote zèb ble oswa kèk bagay." Li di: "Anlè tèt mòn sa a, kote dlo a te lave tè a, te gen yon wòch ki anlè, anlè ti mòn lan, tankou tèt mòn lan. Se te wòch; pa t gen zèb. Epi kote dlo a te koule desann

nan, li te trase kèk sòt de ekriti sou wòch sa yo. Epi ou te kanpe la, w ap entèprete sak te ekri sou wòch sa yo.” Epi di: “Nou tout,” e men fason ke l te di l la, li te di, “Frè ki soti Georgia a, e tout ozalantou yo, nou tout te kanpe ansanm, n ap tandè w entèprete ekriti misterye sou wòch sa a, mòn sa a. .”

129 Epi li di: “Aprè sa, ou te pran yon bagay, tankou yon bagay ki sot an lè a, yon bagay tankou yon baton demolisyon, oswa—oswa yon pye bich. Se pa t sa, frè? “Yon bagay konsa, yon baton demolisyon, byen file.” Li di, Se, kijan w te fè l, m pa konnen.” Epi li di: “Ou frapè tèt mòn sa a, ou dechire l toutotou, epi ou wete bouchon an. Li te gen fòm yon piramid. Epi w souleve tèt li.” Kounye a, se te dè mwa e des mwa e des mwa anvan mesaj piramid lan te preche. Epi l di: “Anba sa a te gen wòch blan an, an granit. Epi w te di, ‘Solèy la, oswa limyè a, pa janm te klere Sa a anvan. Gad nan sa a. Obsève sa a.’”

130 Epi se vre, paske, nan fòmasyon monn nan, mond lan te fòme anvan ke te gen limyè. Nou tout konn sa. Bondye te deplase sou dlo a. Epi—epi aprè sa, nan kòmansman an, li te pale pou ke limyè a vini. Epi, natirèlman, anba la a, nan laj ke fòmasyon sa a te fèt, limyè sa a pa t janm vin sou wòch sa a.

131 Epi li di: “Gade Sa a. Limyè pa t janm vin sou Li anvan.” Epi lè yo tout te leve, epi m te di yo pou yo obsève Sa a, epi yo tout te vin gade anndan.

132 Men li te di, pandan yo t ap gade anndan an, li te gade nan kwen je l, mwen kwè se te sa, e l te gade m. M te fofile kòm sou yon bò, epi mwen te kòmanse al nan direksyon Lwès la, nan direksyon kote solèy la kouche; m t ap monte yon ti mòn, desann yon ti mòn; ap monte yon ti mòn, desann yon ti mòn; ap vin pi piti e pi piti, epi ale jouk nan pwen ke m disparèt.

133 Epi l te di, lè sa a, lè m te fè sa, li te di: “Aprè yon ti tan, frè yo te vire, yo di: ‘Èske l te disparèt? Ki kote l te ale?’” Epi l di: “Gen kèk moun ki pran wout sa a; Gen kèk ki te al nan direksyon sa a, gen lòt ki te pran yon lòt direksyon.” Men, yon vyep ti kras te rete epi te rete a sa ke m te di yo a.

134 Kounye a remake entèpretasyon rèv la. Ke, m pa janm di l yon bagay, oswa m pa t di okenn nan sa yo, okenn nan yo. Men, m te di, “Wi.” Epi kè m ', t ap bat. Mwen t ap siveye. Koulè a, ekriti misterye a... Tann, mwen pral jis kite l yon ti kras.

135 Sa pa gen lontan, Frè Beeler...Frè Beeler toujou avèk nou. Èske w la, frè Beeler? Wi, dèyè a la a. Billy te di, "Frè Beeler te tou dekonstonbre. Li te fè yon rèv etranj."

136 Mwen te al bò kot Frè Beeler, epi l te di, yon swa lakay li, lè m t ap fè kèk apèl. Epi li te di: "Frè Branham, mwen te fè yon rèv etranj." Li te di: "Mwen reve m t ap desann nan yon kouran dlo, nan direksyon lwès. Epi te gen yon wout sou bò gòch la. Apre sa, mwen te sou bò gòch la, m ta pral nan direksyon lwès sou wout la, sa te sanble tankou, n al lachas pou bèt. Epi sou bò dwat la, m te kòm remake apre m te desann anba a, ke w te la a. Epi w t ap rasanble yon gwo kantite bèt, e te gen anpil manje laba a." Epi li di: "apre sa ou pran bèt sa yo epi ou fè yo tounen monte rivyè a." Epi, te sanble, ke m dwe te fè l siy ak tèt mwen pou l siveye bèt sa yo. Epi li te di, "Kounye a, sa pral fasil pou bèt sa yo, m konnen yo pral pran chemen ki gen mwens rezistans lan. Men, Frè Branham vle yo rete sou bò dwat larivyè a, kidonk m ap tounen sou wout sa a epi m ap anpeche yo travèse rivyè a sou bò sa a, epi m ap kenbe yo sou bò sa a." Men, li te remake, M pa t janm swiv bèt yo, men mwen te kontinye, nan direksyon lwès. Li te di, "Li dwe ap fè lachas ak sa ki pèdi yo."

137 Apèn ke l te fin rakonte rèv la, M te wè l. Apre sa, remake, li te di ke l te gen yon ti soupson sou mwen, kidonk li te tounen pou l gade. Epi li di m t ap rive sou yon mòn ki solid, epi toudenkou m te disparèt. Epi li t ap mande kisa k pat mache. Li te desann. Apre sa, li te gen yon ti kouran dlo sou bò kote l la, ki te divize sou bò gòch la. M panse ke se sa, frè Beeler. Ya. Apre sa, li te remake ke apati ... Epi sou bò kote m nan te gen yon gwo chit dlo. Apre sa, li te panse m te kab antre epi tonbe nan chit dlo sa yo epi—epi m te peri. Answit li te remake, epi l te di ke l te gade nan alantou li, li te wè efè chit dlo sa yo, li te desann nan direksyon sa a e l te lakòz yon pwi artezyen te soti, men dlo a pa t retounen nan tè a. Li te gade atravè ti branch lan, oswa ti kouran dlo a, epi li te wè kèk ti bèt ki gen zòrèy tou won. Epi l te di, "M kwè m pral pran youn." Epi li te travèse.

138 Apre sa, li te kòmanse ap panse a mwen. Epi li te monte sou yon ti mòn, pou l te gade anlè e pou l te wè si te gen yon ti kwen, ti kras, rebò etwat, ou konnen, ke m te kab kontounen. Men, li di, "Pa t 'gen anyen." Epi li te kòmanse enkyete. Li te di, "Kisa k rive frè nou an? T ap mande sa k te rive Frè Branham?" Epi lè l te pè, li te di li te tandè m pale. Apre sa, mwen te kanpe sou tèt yon mòn. Epi li te di, Frè Beeler, entèpretasyon yon rèv ke m te ba li pa gen

lontan de sa, epi li te di l pou l tann Seyè a, yon jou m ta rankontre l sou yon zile. Epi men sa l te ye a.

139 Kounye a, entèpretasyon rèv sa a se sa a: Toutotan kouran an te gwo, se te kouran lavi a. M ta prale sou li nan direksyon lwès, epi limenm tou; paske l te sou yon wout, li t ap kouri tou piti... t ap desann wout sa a. E sou lòt bò a te gen anpil zèb, men anpil touf, ak pikan, ak forè; men ladann te gen anpil zèb. Epi se fason sa a nou fè lachas pou Seyè a, ak Manje Seyè a, atravè difikilte. Rasanble bèt yo, se te legliz sa a, kenbe yo sou bò sa a. Bèt pral ale anreyalite sou wout lis la, denominasyon an, si yo kapab; sèke, wout la reprezante denominasyon. Mwen te kòmanse fè l retounen sou wout la, pou wè si yo pa ta ale nan okenn denominasyon.

140 Si l te wè yon miray ki te totalman enposib pou m pase, ki te anpeche m ale nan lwès, se te ka zafè taks sa a ak gouvènman an. Pèsonn pa ka konprann kouman m ta p janm soti nan sa. Se te yon miray ki te bloke m, men Seyè a te fè m pase ladan l, e m te fini avè l. M ap rankontre w, frè Beeler, sou zile a.

141 Kidonk, kounye a, imedyatman apre sa, Frè Roy Roberson. Frè Roy, ou la aswè a? Wi, mwen—mwen kwè... Kisa? [Yon frè di: “Bò kote.” — Ed.] Anba bò la a. Li te rele m ', li fè yon rèv. E l reve ke nou t ap rasanble bèt. (Kounye a, se yon twazyèm.) ap rasanble bèt. Epi te gen zèb, pou plen vant, anpil manje. Nou tout frè yo te ansanm. Epi nou rive yon kote pou nou dine, epi Frè Fred Sothmann leve, li di: “Eli, gran pwofèt la, pral pale isit la jodi a, a midi.” E answit, lè nou tout te fin dine, tout moun te ale, epi li te mande poukisa yo pa t tann pou tande tande Sa k ap di.

142 Kounye a, gade ki jan sa pase egzaktman ak Frè Jackson! Ou wè, sa egzaktman frape, egzaktman, sa frè Beeler te di a! Pa gen moun ki tann, pou chèche konnen.

143 Remake, imedyatman apre sa. Sè Collins, eske w la? Sè Collins te fè yon rèv ke l te isit la nan legliz la, e te gen yon maryaj ki t ap prepare pou fèt. Epi lè nan rèv la, li wè Lemarye a ki te antre, li te pafè; men Lamarye a pa t twò pafè, kwake se te Lamarye a; kounye a, se Legliz la. Epi te gen tankou yon kominyon, oswa yon—yon sèvis k ap dewoule isit la, tankou yon dine k ap prepare. Epi li te on ti jan vin bò kote l akòz de sa Frè Neville t ap sèvi yon dine

nan legliz la, men li te di se pi bon Manje li te janm wè. Li te tèlman grangou. Men, li te panse petèt ke, nan rèv la, ke li pa ta dwe sèvi Li, epi li menm ak Frè Willard ta pral ale nan Ranch lan pou yo manje. Lè yo fè sa, limyè ki sou bò dwat la te etenn. Koulye a, ou konn kisa sa ye.

144 Kounye a, Manje a. Lamarye a pa pafè, men Lemarye a pafè. Lamarye a poko pafè, men Manje ke yo te bay la pa t manje literal, se Manje espirityèl ke w te genyen, toutolon. Kite m kanpe isit la sou katriyèm rèv sa a, jis yon ti moman.

145 Èske w pa sonje, Frè Fred Sothmann, Frè Banks Wood, lè nou te Arizona lane pase a, lè n te al chase kochon javelina yo, epi Seyè a te pale? Ou pa t konnen ke bagay li te fè pafètman yo, ki te montre sa k t ap rive yo, pandan ke n ap mache sou wout la? Si se vre, nou tou de frè yo di: "Amèn." [De frè yo di: "Amèn." — Ed.] Pa janm manke.

146 E m te wè nan yon vizyon pandan ke nou t ap kondwi, yon jou, yon-yon vizyon Seyè a vini a mwen, e mwen t ap prepare m, a lepòk, lè m retounen lakay mwen, pou m ale a letranje. E lè m te ale a letranje, ebyen, m te wè sou bato a...oubyen yon kote bò lanmè, kote bato yo pati. E la te gen yon ti mesye kout laba a, e li te di, "m te prepare yon bato pou ou, Frè Branham." E se te yon ti kannòt tou piti, petèt-petèt yon pye longè, men li te blanch kou nèj. E li te di m, "Se pou ou kapab travèse pa lòt bò."

"O," m te di, "li-li-li pap ase."

147 Li te di, "Li prale karant kilòmèt a lè, ale-retou nan sans sa." Se, se distans ale-retou rivyè a.

"Men," m te di, "li pap pèmèt mwen fè travèse a."

148 Epi apres li gade anba, e li te di, "Ale menm jan yo fè a." E m te gade, e Frè Fred Sothmann ak Frè Banks Wood te la, yo te chita nan yon kannòt ki pentire an vèt, ak kèk materyèl kanping ranje dèyè l. Frè Banks ak yon chapo remonte *konsa*; Frè Fred ak yon kaskèt ki te gen vizyè l repliye. E li te di, "Ale menm jan ak yo."

M te di, "Non. M pa p fè sa."

149 E mesye sa te di yo, ti nonm kout la, te di, "Èske nou konn kondwi bato?"

Frè Banks te di, "Wi." Frè Fred te di, "Wi."

150 Men Mwen te di, "Se pa vre. Mwen se yon kondiktè bato, e m konnen m patap ale jis avèk sa, e mwen sèten mwen patap pral nan direksyon sa."

Li te di, "Ou pa prale avèk yo?"

M te di, "Non. Non."

151 Ebyen, mwen te vire. E, lè mwen te fè sa, trouve ke ti nonm kout ki te sou pò anbakman an se bon zanmi m, Frè Arganbright.

152 Lè m te retounen nan vizyon sa, laba te gen yon ti bilding long. Alò yon Vwa te di m...Nou tout ki la nou sonje sa, oubyen anpil lan nou. Yon Vwa te di m, “Rasanble nouriti anndan an. Mete L nan depo anndan an. Se sèl fason pou gade yo isit la, se pou w ba yo Nouriti. E mwen te rasanble, m te rasanble, gwo kokenn dwoum ranpli ak pi bèl karot ak pi bèl legim, ak lòt bagay, tout sa m te jwenn. Èske w sonje vizyon an, kounye a. [Asanble a di, “Amèn.”—Ed.]

153 Bon, mwen te di nou pa aprè kisa entèpretasyon an te ye. M te sipoze ale Zurich, nan peyi Laswis, avèk Frè Arganbright, pou senk sware reyinyon. M te di frè yo sa anvan sa te rive, “mwen pap ale.” E mwen te anba avèk frè Welch Evans laba a, lè Li te banm entèpretasyon an.

154 Yon sware, m kwè Frè Welch te vini epi li te pran m, nou ta prale nan yon vwayaj lapèch, e li te di Frè Arganbright t ap rele m. M te di, “Dakò, men ni. Yo pral debarase yo de mwen.” E anpil fwa...

155 Se pa pou pwente Frè Miner, li se youn nan meyè zanmi m. Men pafwa, si yo jis kapab...Si yo panse w pral preche yon bagay ki kont doktrin yo, yo jis di ke w pral vini, dekwa pou zanmi w yo ka vini tou. E yo di...

156 Frè Arganbright te rele m epi li te di, “Frè Branham,” egzakteman sa Lespri te di a. Li te di, “Ou mèt vini, mennen madanm ou tou,” li te di, “paske w pap gen tan pou preche anpil,” li te di, “paske m panse yo jis ap kite w preche yon sèl fwa.” E li te di, “Petèt ou pap ka menm preche sèl nwit sa.”

E mwen te di, “Non.”

157 “Ebyen,” li te di, “vini, ou menm ak madanm ou, nou tout vini, vizite, e si w fè sa, m pral fè w fè touris. O, madanm mwen, madanm ou, epi yo tout, nou pral mache atravè Laswis, kontinye jiskin Palestin.

M te di, “non.”

158 M te gen entèpretasyon an. M te di Frè Welch, oubyen Frè Fred epi yo menm, “M va di w li nan maten, men anvan sa madanm mwen gen yon bagay pou l di.” E lè m te rele li, li te refize ale. M te di, M te di, “Men ni.” Ou wè?

159 Bon, ti bato blan sa se te sèl grenn reyinyon sa. Se kòrèk pou ale nenpòt ki kote isit la, sou rivaj la, ak yon sèl reyinyon, men li pa ase, menm si l te blan epi li te byen, pou ta fè m ale a lettranje.

160 Frè Fred, epi lòt frè a laba a, ki te reprezante nan vizyon an, yo te reprezante, “Ale kòm touris, pou plezi.” Men mwen pa t bay sa enpòtans. E mwen te refize rekonèt yo antan ke kondiktè bato, sa te vle di ke se pa t predikatè yo te ye. Kidonk, se mwen ki yon predikatè.

161 E answit Manje a nan ti bilding long lan. Mwen pa t ale a lettranje; men mwen te retounen nan ti bilding sa, e nou te fè dè douzèn de bann, sou pyramid yo elatriye. pou montre moun yo nan ki tan n ap viv.

162 Kounye a konpare sa ak lòt yo, rèv yo. Sa se te yon vizyon. Nouriti a, se isit la Li ye. Sa se anplasman an.

163 Remake alò kisa k te pase. Imedyatman aprè katriyèm vizyon an te vini, oubyen katriyèm rèv la te rakonte ban mwen, frè Parnell te vini. Li isit la, kèkpa, bò isit la. Epi Billy pa t la, epi mesye a te trè ajite. Li te soti Bloomington, mwen panse, oubyen Bedford? [Yon frè di, “Lafayette.”—Ed.] Lafayette,

li t ap fè reyinyon. E li te fè yon rèv, e li t al jwenn Frè Wood. E li te di, “Mwen jis pa kapab kite sa pase. Mwen dwe rakonte l, mwen dwe rakonte Frè Branham. Sa deranje m.”

164 E Bondye konnen, pa gen ankenn lòt rèv ant sa yo. Yo jis te vini youn apre lòt en, de, twa, kat, senk, sis.

165 Frè Parnell te di, “M te fè yon rèv etranj. Mwen reve ke m ta pral fè yon reyinyon laba a. E trouve ke gen yon reyinyon isit la, kòm si se te nan yon nouvo legliz.” E li te di, “Nouvo legliz sa,” ki kote l soti, li t ap mande poukisa yo pa t kolabore ant toulède, oubyen yon bagay konsa. E li te di ke l te kanpe isit la, jiskaske, “Ebyen, mwen te isit la. Mwen t ap jis tann sèvis la.” E li te di, “Yon mesye te rantre nan bilding lan, avèk yon kostim mawon sou li, epi yon liv. Mwen panse li t ap ekri.” E li te di Frè Parnell, li te di, “Sa se yon reyinyon prive. Se sèlman pou dyak ak administratè yo.” Ebyen, li te yon ti jan santi yo bouskile l. Alò li te ale nan pòt nouvo legliz la, legliz ki te fèk konstwi a, oubyen sa ki te repare a, ki te refèt la. E lè li te ale deyò a, nèj ta p tonbe, se te move tan, sezon ivè.

E okenn nan moun sa yo pa t konn anyen sou sa.

166 E lè li te soti nan pòt la, mwen te kanpe la, mwen t ap gade nan direksyon lwès. Mwen te di, “Pa santi w bouskile, Frè Parnell. M pral dirije w, di w sa pou w fè.”

167 Frè Parnell, ak nenpòt pami rès frè yo, konnen m pa t ba yo okenn entèpretasyon. Se kounye a; menm si, m te wè sa lè yo t ap pale m de sa. Èske ou remake a ki rapidite mwen te soti laba, Frè Parnell? Pou anpeche m di w sa. E mwen te pati, mwen pa t janm di Frè Wood anyen oubyen ankenn lòt moun, ankenn moun. Mwen te jis kite sa, paske mwen te vle wè ki kote sa t ap kondwi. Èske w te tandè m di sa pa fè lontan, “Mwen kontrarye”? Se sa l te ye.

168 Answit, Frè Parnell, te di mwen te di l, “Frè Parnell, kòmanse mache. Epi premye kote w va rive a se Sefora.” Sefora, “Sefora.” ki vle di yon trèdinyon, oswa yon stòp, oubyen yon bagay konsa. Mwen te di, “pa rete la. An kontinyan, ou pral jwenn yon fam aje, men, pa rete la. Kontinye toujou, e ou pral jwenn yon fanm trè aje; pa rete la.” Pandan tout tan nou t ap, mwen t ap pale a, nou t ap mache nan nèj la. M te di l, “Ale jiskaske w jwenn Madanm mwen. E lè w va jwenn Madanm mwen, rete la!” E li te di ke li te gade, e nou te kite nèj la, nou te retrouve nou nan yon dezè. E mwen te disparèt. Li te gade dèyè, e li te wè madanm li ki t ap ponpe dlo nan yon pwi, te gen yon predikatè ki t ap tire manzè, pou elwaye l de ponp la. Manzè t ap obsève misye Alò misye te reyeve.

169 Men entèpretasyon rèv ou a. E mwen te kapab di w sa, menm nwit sa, olye de sa mwen te jis deplase. Etan done ke Sefora, yon fanm aje, epi yon lòt fanm trè aje, sa yo se legliz. Ou wè? Epi Sefora se te an reyalite madanm Moyiz, Sefora, e nou remake ke mwen te di l pou l pa t rete kote yo, pe enpòt konbyen yo te aje. Se òganizasyon yo te ye. Pa rete kote yo. Yo te viv tan pa yo. Men lè li te rive kote Madanm mwen, ki se Legliz mwen ke Jezi Kris te voye m chèche, sa se nan dènye jou a, e se la Li ye, “Rete la!” Answit mwen te ale nan lwès.

170 Answit Sè Steffy. Li petèt pa isit la, paske li te al lopital. Mwen pa konnen ki kote...Èske Sè Steffy...? Wi, li bò isit la. Sè Steffy te vin lakay mwen pou lapriyè, anvan l al lopital pou yon chiriji, pou Bondye ta ede l epi beni l. E Li te sètènman fè sa.

E manzè te di, “Mwen te fè yon rèv etranj, Frè Branham.” Mwen te di, “wi?”

171 Answit manzè te di, “Mwen reve mwen te nan lwès. E mwen...” Sa se sizyèm rèv la. E manzè te di, “Mwen reve mwen te nan lwès, ki gen rejyon ak wout difisil. E pandan mwen t ap gade, sou tèt yon montay, te gen yon vyeyòm trè aje avèk yon long, bab blanch ki te kanpe, e cheve l te desann toutotou figi l. E li te gen yon tisi blan vlope l, yon bagay, yon vètman,” manzè te di, “van an t ap sekwe l.” Mwen panse ke se egzak, Sè Steffy, se konsa. Manzè te di, “ Mwen te kontinye apwoche m. Li te kanpe, sou tèt montay la, li t ap gade nan direksyon lès.” E manzè te di, “Mwen kesyone m, ‘kiyès vyeya sa ye?’” E manzè te apwoche l pi plis, plis toujou. E lè manzè te ase pwòch, li te rekonèt kiyès li te ye. Se te imòtèl Eli, pwofèt la, ki te kanpe anwo a ap gade nan Lès.

172 Manzè te di, “Mwen dwe wè li.” Manzè te gen yon bezwen. E manzè te kouri sou montay la e manzè te tonbe laba, pou ap pale avèk li, nan non Eli. E manzè te di, lè manzè te pale...manzè te tandè yon vwa, ki te di, “Kisa w vle, Sè Steffy?” E se te mwen.

173 Rèv ou a te akonpli nan menm moman sa, Sè Steffy. Paske, imedyatman aprè sa, mwen te ale Louisville. Sa ke manzè te bezwen se te lapriyè. Ou wè? E tout bagay te pase trè byen, nan lopital la; e siy ke mwen ta prale nan lwès, pandan mwen t ap obsève lès la, pou gwoup mwen an. Remake. Lè...

174 Mwen te ale Louisville. E lè mwen te retounen, sanble ke mwen te kòmanse nan pòtay la, e te gen anpil baton yo te mete la, sou pòtay mwen an. Mesye Goynes, ki ap travay nan vwari a, ta prale sou chemen an. Li te di, “Billy, vin isit la.” Li te di, “ Ou dwe deplase pòtay ou yo ak lòt bagay yo, baryè a, kloti an beton ak pòtay yo.”

Mwen te di, “Ebyen, ok, Bill.” Mwen te di, “M pral-m pral fè sa. Ki lè?”

175 Li te di, “M va di w. M va di w ki lè.” Mwen te di... “Egzakteman nan debi ane a, yo ta pral kòmanse fè li.”

M te di, “Oke.”

176 Alò mwen te kòmanse retounen lakay, epi madanm mwen te di, “Mwen dwe ale nan episri a rapidman.” E mwen te ale toutolon chemen an. Epi yon jènòm, Raymond King, ki se yon enjenyè vil la, Mwen toujou rele l “Zorèy labou.” paske lè nou te timoun, nou te konn naje ansanm, li te frape youn nan zòrèy li avèk yon ponyen labou. E nou tou rele l, “Zorèy labou.” Li abite sou chemen an pa twò lwen mwen, anviwon-anviwon de pòt aprè Frè Wood.

Alò mwen te di, “Labou, vin isit la yon minit.”

Li te di, “Trè byen, Billy.” answit li te vin kote m.

Mwen te di, “Èske se yon jalon ou anfonse la?”

177 Li te di, “Billy, se, yo pral pran tout bagay la an antye.” Li te di, “Tout pyebwa sa yo, baryè sa yo, e tout rèz bagay yo, yo dwe deplase.”

178 Mwen te di, “Ebyen, enjenyè a te di mwen ke propriyete mwen an rive nan mitan lari a.”

179 Li te di, “Wi, men yo pral agrandi l, yo pral pran l de tout fason.” Li te di, “Pa m lan tou.”

180 Mwen te di, “Ebyen, Frè Wood se yon-yon mason, epi,” mwen te di, “M pral-m pral jis mande l pou remete l nan plas li.”

181 Li te di, “Billy, pa manyen l. Kite kontraktè a fè sa. Sa se prezbitè a, pa vre?”

Mwen te di, “Wi, mesye.”

Li te di, “Kite l fè sa.” li te di, “ Ou konn sa m vle di a.”

Mwen te di, “Wi.”

182 E mwen te deplase, epi, vit *konsa*, yon bagay frape l. [Frè Branham klake dwèt li—Ed.] Mwen te rantre lakay, mwen te ale nan chanm sousòl la, mwen te pran yon liv, se la li te ye. Se pa t blòk beton, se te wòch/pyè. Mwen te di, “Meda, prepare w.”

183 Sis rèv an liy dwat, epi vizyon an ki kouwone l. “Lè bagay sa yo va rive, tounen nan direksyon lwès.”

184 Mwen te rele Tuckson. Frè Norman dwe gen yon plas. Mwen pa konn kote m prale. Mwen pa konn kisa pou m fè. Mwen jis nan yon...Mwen kanpe. Mwen pa konn kisa pou m fè. Mwen pral kite yon kay kote mwen pa gen lwaye pou m peye. Salè mwen se san dola pa semèn. E mwen prèske gen san dola pou m peye pa mwa pou yon kay. Mwen isit la ak frè mwen yo epi sè mwen yo, kote mwen jwenn lanmou. E mwen prale, mwen pa konn kibò. Mwen pa konn poukisa. Mwen pa kapab di w poukisa. Men gen sèlman yon bagay mwen konnen, se swiv sa ke Li di mwen fè. Mwen pa konnen, konnen ki wout pou m pran, kisa pou m fè. Se pa ankenn nan...

185 Mwen sipoze Abraham te santi l menm jan an lè Li te di l, “Ale, lonje rivyè a.” Li pa t konn kisa pou l fè apa vwayaje, separe tèt li. Mwen pa konn kisa pou m fè.

186 Dimanch maten pase, ayè fè deja yon semèn, alantou twazè nan maten, mwen te reveye e mwen te bwè dlo, answit mwen te poze yon kouvèti sou Joseph, nan chanm li. Aprè sa mwen te retounen, e mwen te jis kouche. Dòmi pran mwen. Epi pandan m ap dòmi an...Mwen rakonte rèv sa yo ak bagay sa yo, pou w kapab gen aryè plan sa m pral di nou an. Mwen-mwen te kouvri Joseph, e mwen te retounen kouche, answit mwen te dòmi. Aprè sa mwen te reve.

187 E mwen te reve mwen wè yon mesye sipozeman papa m, menm si li te yon gran mesye byen bati. E mwen te wè yon fanm sipozeman manman mwen, sèlman li pa t sanble ak manman m. E mesye sa te vrèman mechan avèk madanm li. E li te gen yon baton ak twa pwent, kote li te fann baton sa. E li te fè yon...Ou konnen, yon jan koupe twonk pyebwa, ou konnen, li fè yon baton ak twa pwent. E chak fwa ke fanm sa kòmanse leve kanpe, li jis pran l nan kou epi frape l nan tèt li, epi asome l. Answit manzè te jis kouche la, ap kriye ak dlo nan jye, e aprè manzè te eseye rekòmanse leve ankò. Misye te jis ap mache, ak fyète, ak pwatrin li gonfle, yon gwo gason masif. E lè manzè kanpe ankò, li te pran kou l, e pran baton ak twa pwent sa, pou kolboso tèt manzè avè l, fè manzè tonbe. Rekòmanse mache epi pouse lestomak li sòti, kòm si li te fè yon gwo bagay.

188 E mwen te kanpe de lwen, mwen t ap gade l. Mwen te panse, “Mwen pa kapab takle mesye sa. Li twò gwo. Epitou, li sipoze papa mwen, men se pa papa mwen.” E mwen te di, “Li pa gen okenn dwa pou trete fanm sa konsa.” E mwen te yon ti jan fache kont li. Alò, toudenkou, mwen te gen ase

kouraj, e mwen te ale sou li, mwen te pran kou li epi mwen vire l. E mwen te di, “Ou pa gen okenn dwa pou frape manzè.” E lè mwen te di sa, misk mwen yo te gwosi. Mwen te sanble ak yon jeyan. E misye te gade misk mwen yo, e li te pè m. Epi mwen te di, “ Si w frape manzè ankò, w ap gen pwoblèm avè m.” E li te kòm ezite pou frape l ankò. Answit mwen te reveye.

189 Aprè mwen te rete kouché yon moman. Mwen te panse, “Kisa sa ye? Se etranj je mwen te reve apwopo de fanm sa.” Aprè yon ti moman. Li te vini. Mwen te genyen entèpretasyon an.

190 Fanm lan te reprezante legliz mondèn, jodi a, tout mond lan. Mwen te fèt nan galimatcha sa, e mwen kote sa isit la. Manzè te sipoze on jan de-de manman ki...si l te yon manman prostitiye, men malgre tou mwen te fèt dirèk ladann. E...mari li se denominasyon k ap dirije l. Baton ak twa pwent lan ke manzè te genyen an, se batèm trinitè sa nan fo non yo, kifè chak fwa l kòmanse leve pi wo, kongregasyon an, pou aksepte Sa, li fese l atè avèk li. Epi, natirèlman, misye tèlman enòm, mwen te vire do m, mwen te on tijan pè li. Apre sa, mwen sote sou misye, kanmenm, e misk yo se te misk lafwa. Sa te fè m panse, “Si Bondye avèk mwen, epi Li kapab ban m misk, ke m pran pozisyon pou manzè. ‘Sispann frape l!’”

191 Li dwe te dizè nan maten, lè madanm mwen t ap eseye rantre nan chanm nan, e sa te rive.. Mwen te gen yon vizyon maten sa, e mwen yon fason kèlkonk...Bon, sonje, se pa t yon rèv.

192 gen diferans ant rèv ak vizyon. Rèv se lè w al dòmi. Vizyon, se lè ou pa nan dòmi. Nou fèt fason sa. Yon èt imen òdinè, lè l reve, se nan sibkonsyan l. E sibkonsyan li trè elwaye de li menm. Sans li yo aktif, osi lontan ke li nan premye konsyans li. Nan konsyans sa, ou nòmalman; wè, pran gou, touche, pran odè, tande. Men lè w nan sibkonsyan w, ou andòmi, ou pa ni wè, ni pran gou, touche, pran odè, oubyen tande. Men gen yon bagay, lè w reve, ki fè w retounen nan konsyans sa. Gen yon memwa, ki fè w sonje yon bagay ou te reve , plizyè lane pase. Èt imen òdinè a fèt fason sa.

193 Men lè Bondye predestine yon bagay, sibkonsyan sa pa osi elwaye de isit la, de pwofèt la, men toulède konsyans yo kole ansanm. Epi pwofèt la, nan yon vizyon, pa al dòmi. Li toujou nan sans li yo, epi li wè sa.

194 Mwen t ap eksplike sa pou kèk doktè, lòt jou. E yo te leve kanpe e yo te di, “Mèvèye. Nou pa t menm janm imajine yon bagay konsa.” Lè mwen te pase yon skàn pou tèt, e yo te di m...Yo pa t janm wè yon bagay konsa. Ou wè? “Ebyen,” yo te di, “Gen yon bagay k ap pase nan ou.” E mwen te di. Mwen te eksplike l. Li te di, “Se sa, egzakteman.” Ou wè?

195 Toulède konsyans yo kole ansanm. Se pa yon bagay ke m te ka fè, e li pa rann mwen meye ke nenpòt ki lòt moun. Se jis ke, Bondye te fè l konsa. Ou pa nan dòmi. Ou jis rete isit la, kòm si w andòmi. Pandan ou kanpe isit la, w ap gade, *konsa*.

196 E nou tout ki la te wè sa, nan tout mond lan. Ou pa nan dòmi. Pandan w kanpe isit la sou estrad la, ap pale ak moun yo, ou tande m ale nan yon vizyon answit retounen. Lè m ap kondwi nan yon machin avèk ou, nenpòt ki lòt kote a, epi di w bagay ki pral pase; e sa pa janm fayi, sa pa janm rive. Èske yon moun te janm wè sa fayi? [Kongregasyon an di, “Non.”—Ed.] Non, mesye. Li paka fayi. Li

pa p fayi osi lontan ke se Bondye. Remake, dirèk sou estrad la, dè milye, devan plizyè dizèn milye de moun, menm nan lòt lang ke mwen pa menm ka pale, li toujou pa fayi. Ou wè? Se Bondye!

197 Bon, nan vizyon sa, oubyen jan m t ap eksplike a, mwen te gade e mwen te wè yon bagay etranj.

198 Bon, li sanble tankou se ti gason mwen an, Joseph, ki te bò kote m. Mwen t ap pale avèk li. Bon, si w obsève vizyon an de prè, ou va wè poukisa Joseph te kanpe laba.

199 E mwen te gade, e te gen yon gwo touf bwa la. E sou touf bwa sa, nan fòm yon— yon konstelasyon zwazo, ti zwazo sa yo tou piti, apeprè yon demi pous longè, epi yon demi pous otè. Se te ti veteran yo te ye. Ti plim yo te kouche. E te gen apeprè de oubyen twa sou tèt yon branch, sis oubyen sèt sou lòt branch la, epi kenz oubyen ven sou lòt branch lan, yo t ap desann nan fòm yon piramid. Epi ti zwazo sa yo, ti mesaj sa yo, yo te trè epwize. E yo t ap gade nan lès.

200 E mwen te Tuckson, Arizona, nan vizyon an, paske li fè l nan objektif ke Li pa t vle mwen manke wè ki kote sa t ap pase. Mwen t ap retire kras sab sou mwen, soti nan dezè a. E mwen te di, “Bon, mwen konnen sa se yon vizyon, e mwen konnen ke mwen Tuckson. E mwen konnen ke ti zwazo sa yo reprezante yon bagay.” E yo t ap gade nan lès. E toudenkou yo pran vòl, e yo vole ale, nan direksyon lès.

201 E nan moman ke yo te kite a, yon konstelasyon zwwazo ki pi gwo te vini. Yo te sanble ak kolonb, zèl yo pwenti, yon ti jan koulè gri, yon ti koulè pi klè ke sa premye ti mesaj yo te genyen an. E yo t ap vin soti nan lès, rapidman.

202 E osi vit ke yo te disparèt devan jye m, mwen te vire tèt mwen ankò pou m gade nan lwès, e la sa te rive. Te gen yon eksplozyon ki vrèman te sekwe tout tè a.

203 Kounye a, pa manke sa. E ou menm, sou bann lan, asire w ke ou sezi sa korèkteman.

204 Premyèman, yon eksplozyon. Answit mwen te panse li sonnen tankou yon baryè son, pe enpòt kijan ou rele l la lè avyon yo franchi baryè son, e ke son an retounen fè eko sou tè a. Li jis sekwe, tankou, yon gronnman, tout bagay. Answit, se te kab yon-yon-yon gwo kout tonè, ak zèklè, tankou; mwen pa t wè zèklè a. Mwen te jis tandè gwo eksplozyon sa ki te ale, soti de kote m te ye a, li te sonnen kòm si li te ale nan sid, nan direksyon Meksik.

205 Men, li te sekwe tout tè a. E lè li te fè sa, mwen te kontinye obsève lwès. E kontinye ale nan Letènite, mwen te wè yon konstelasyonde yon bagay ki t ap pwoche. Li te sanble ke se te kapab ti pwèn yo te ye. Te kapab genyen pa mwens ke senk, e pa plis ke sèt. Men, Yo te gen fòm yon piramid, tankou ti mesaj sa yo ki te vini an. E lè sa te fèt, Pwisans Bondye Toupwisan an te souleve m pou m al rankontre Yo.

206 E mwen te kapab wè Li. Sa pa janm kite m. Uit jou te pase, e poutan mwen paka bliye sa. Mwen pa janm gen yon bagay ki te trakase m jan sa te fè a. Fanmi m ka di w sa.

207 Mwen te ka wè Zanj sa yo, ak zèl yo pwente an aryè, yo t ap vwayaje pi vit ke vitès son. Yo te soti depi Letènite, nan yon batman jye, nan yon klen dèy. Pa ase pou bat je w, jis yon bat jye, Yo te la. Mwen pa t gen tan konte. Mwen te jis gen tan apèn pou m gade. Dè Zanj pwisan, sipèb, blan kou

nèj; zèl yo ak tèt yo. E Yo t ap fè, “Whew-whew!” E lè li te fè sa, mwen te anlve nan konstelasyon piramid sa.

208 E mwen te panse, “Bon, lè a rive.” Mwen te angoudi toupatou. E m te di, “O, lala! Sa vle di ke pral gen yon eksplozyon ki pral rive ki pral touye m. Mwen rive nan fen kous mwen kounye a. Mwen pa dwe di fanmi m anyen, lè vizyon sa kite m. Mwen pa vle yo aprann sa. Men, Pè Selès la fè m konnen kounye a ke tan m fini. E mwen pap di fanmi m sa, yon fason pou yo pa enkyete yo pou mwen ap di, ‘Poutèt, li sou pwen ale.’ E Zanj sa yo vini pou mwen, e mwen pral mouri trè byento nan yon eksplozyon.

209 Apre sa sa te vin a mwenmenm, pandan m te nan konstelasyon sa, “Non, se pa t sa. Si pou l ta touye w, fòk li ta touye Joseph.” E mwen te kapab tandè Joseph ki t ap rele m.

210 Ebyen, alò mwen vire ankò. Mwen te panse, “Seyè Bondye, kisa vizyon sa vle di?” E mwen poze tèt mwen kesyon.

211 E apre sa sa te vin a mwenmenm, (se pa t yon vwa) sa jis te vin a mwenmenm. “O! Sa se te Zanj Seyè yo, ki vin pote pou mwen nouvo komisyon m.” E lè mwen te panse sa, mwen te leve men m yo, e mwen te di, “O Seyè Jezi, kisa Ou vle m fè?” E vizyon an te kite m. Pou prèske inèdtan, mwen pa t ka santi anyen.

212 Kounye a, nou menm ki la nou konnen kisa benediksyon Seyè a ye. Men, Pwisans Seyè a se yon lòt bagay toutafè diferan, Pwisans Bondye nan jan de plas sa yo. Mwen te resanti L, anpil, anpil fwa, anvan, nan vizyon, men jamè konsa. Sa sanble ak yon krent avèk respè. Mwen te tèlman pè ke mwen te paralize, nan prezans Èt sa yo.

213 Mwen di Laverite. Jan Pòl te di a, “Mwen pa bay manti.” Ou pa janm pran m ap di anyen ki fo sou yon bagay konsa. Gen yon bagay ki pral rive.

214 Answit, apre yon moman, mwen te di, “Seyè Jezi, si m pral mouri, fè m konnen, konsa mwen pap di fanmi m sa. Men si se yon lòt bagay, fè m konnen.” Pat gen, okenn repons.

215 Apre Lespri te kite m, pou apeprè trant minit, mwen sipoze, oubyen plis, mwen te di, “Seyè, si se sa, alò, ke m pral mouri, e ou fini avèk mwen sou tè a, e—e mwen pral rantre Lakay kounye a; nan ka sa, si se sa, se korèk. Se trè byen. Kidonk,” Mwen te di, “si se sa, fè m konnen. Voye Pwisans ou sou mwen ankò, alò mwen va konnen pou m pa di fanmi m sa oubyen okenn moun, paske Ou sou pwen pote m ale.” E mwen...E anyen pa t pase. E mwen te tann yon moman.

216 Answit mwen te di, “Seyè Jezi, si sa pa vle di sa, e ke sa vle di Ou gen yon bagay Ou vle m fè, e sa pral revele a mwenmenm pita, alò voye Pwisans Ou.” E Li te prèske transpòte m deyò chanm nan !

217 Mwen te jwenn mwen, yon kote, nan yon kwen. Mwen te kapab tandè madanm mwen, yon kote, k ap eseye souke yon pòt. Pòt ki bat nan chanm pou dòmi an te fèmen ak kle. Epi mwen te gen yon Bib ki louvri, epi li...T ap li, mwen pa konnen, men se te nan, mwen kwè, Women chapit 9 la, dènye vèsè a:

...*Gade, mwen mete yon wòch kwen nan Siyon, yon wòch k ap fè moun bite, yon wòch kwen presye, e nenpòt moun ki kwè nan li p ap konfi.*

218 Epi mwen te panse: "Se etranj ke mwen ta li sa." Antan Lespri toujou transpòte m, nan chanm lan! Mwen te fèmen Bib la epi mwen te kanpe la.

219 Mwen t ale bò fenèt la. Li te anviwon dizè nan jounen an, oswa pi plis. Epi mwen te leve men m, epi mwen di: "Seyè Bondye, mwen pa konprann. Sa a se yon jou etranj, pou mwen. E mwen prèske pèdi tèt mwen."

220 Mwen di: "Seyè, kisa sa vle di? Kite m li ankò, si se Ou menm." Bon, sa parèt enfanten. Epi mwen te pran Bib la, louvri li. Men li ki te la ankò, nan menm plas la, Pòl t ap di Jwif yo ke yo te eseye...di Women yo ke Jwif yo te eseye aksepte L pa zèv yo, men se pa lafwa ke nou kwè Li.

221 Ebyen, se te yon tan patikilye, depi lè a. Koulye a nou wè kote m kanpe. Mwen pa konnen sa k ap pase. Mwen pa konnen kisa pou m di.

222 Men kounye a kite m, kounye a, apati kounye a, pou pwochen, anviwon kenz, ven minit, kite m eseye di yon bagay isit la kounye a. Sonje byen, pa gen yon sèl fwa vizyon sa yo janm echwe. Kounye a mwen pral pran Lèzekriti pou yon moman, si w remake, nan Apokalips chapit 10 la. Koulye a kite m di sa. Si vizyon an selon Lekriti, li ka sèlman entèprete pa Lekriti. E alò mwen vle nou mete sa ansanm.

223 E, kounye a, noumenm ki prezan, epi noumenm k ap koute bann lan, asire nou ke nou di sa a jan m di l la, paske yo ka mal konprann li trè fasilman.

224 Èske nou prese? [Kongregasyon an di: "Non." — Editè a.] Byen. Jis... Mwen remèsye nou poutèt nou sitèlman trankil, se byen.

Kounye a, "Setyèm anj lan..."

225 Koulye a, mèsye, (jan mwen bay sa tit la) èske sa se siy fen tan an? Ki kote n ap viv? Ki lè li ye nan jounen an? Menm jan litè ki bouke a leve nan mitan lannwit lan, epi limen limyè a,

vire revèy la pou l gade pou l wè ki lè li ye. Lapriyè mwen se: "Bondye, pèmèt nou limen Limyè a."

226 Mwen kanpe nan yon pozisyon tèrib, si nou te konnen sa. Sonje byen, mwen di nou nan Non Seyè a ke mwen di nou laverite, epi yon bagay ap pare pou rive.

227 Mwen pa konnen. Koulye a, noumenm k ap koute bann lan, èske nou konprann sa. M pa konnen. Mwen pral eseye. Sa ki vin jwenn mwen, yè, antan m te chita nan chanm etid mwen an, mwen pa di ke se laverite; se te sèlman yon bagay ki t ap bouje nan kè m, alòske mwen t ap fè ale tounen sou planche yo.

228 Mwen—mwen te sipoze desann, pran yon ti tan epi desann ak Charlie, epi ale lachas avè l yon jou, anvan nou te oblije separe youn ak lòt.

229 Kite m di, paske m pral nan lwès, se pa paske m ap kite tabènak sa a. Sa a se legliz Seyè Bondye a te ban mwen an. Men katye jeneral mwen. Se isit la kote m rete. Mwen sèlman prale pou obeyi yon kòmandman ki te ban mwen nan yon vizyon. Pitit gason m lan, Billy Paul, ap rete sekretè m. Biwo m lan ap isit la drèt nan legliz sa a. Gras a èd Bondye, m ap la lè sa a... bagay sa a fini, pou m preche Sèt So yo. Epi nenpòt bann ke mwen fè, oswa nenpòt lòt bagay, pral fèt isit la nan legliz sa a. Epi jis isit la, osi lwen ke m konnen, se kote mwen ka preche ak plis libète pase mwen kapab nenpòt lòt kote nan mond lan, paske gen yon gwoup moun isit la ki kwè, epi ki grangou epi k ap kenbe fèm. E sa fè m santi m tankou se lakay mwen, pou mwen. Se plas la sa. E si nou remake, rèv yo te di menm bagay la, ou wè, ki kote Manje a ye.

230 Koulye a, men, mwen pa konnen kisa lavni genyen ladann, men mwen konnen Ki moun ki kenbe lavni an. Sa a se bagay prensipal la.

231 Kounye a, Bondye, si m antò, padone m, epi answit fèmen bouch mwen, Seyè, pou nenpòt bagay ki pa ta selon volonte W. M ap fè sa sèlman paske mwen enpresyone, Seyè. Ke moun yo konprann; sèlman enpresyone.

232 Rezon ki fè mwen panse entèpretasyon an pa janm vini imedyatman, se pa souverènte Bondye a, paske mwen kwè li ekri isit la nan Bib la pou mwen. E alò si li selon Lekriti, se

sèlman Lekriti ki ka entèprete l. E si se vre, frè, sè, mwen pa vle fè w pè, men pito nou fè anpil atansyon kounye a. N ap pare pou...Yon bagay ap pare pou rive. E m ap di sa ak respè ak lakrentif pou Bondye. E nou panse mwen ta kanpe isit la...E nou menm kwè nan mwen kòm yon pwofèt; mwen pa pretann sa.

233 Santiman mwen se te sa a. Na-...Ane pase, mwen te di: "Mwen...Sèl bagay mwen te wè, se ke revèy la fini, nan peyi yo, oswa, peyi sa a, antouka." Mwen te fè yon vwayaj evanjelik. Anpil nan nou t ale avè m. O, se te byen. Nou te pase bon moman, bon reyinyon, anpil fòl moun, men li jis pat atenn objektif li.

234 Ane sa a, m ap fè yon vwayaj misyonè. Osito ke mwen kapab, mwen pral ann Afrik, End, epi atravè mond lan, si mwen kapab, nan yon lòt vwayaj misyonè.

235 Si sa pa mache, lè sa a mwen p ap ni bwè ni manje, epi m ap monte nan kèk mòn sa yo anwo laba a, epi m ap rete la jiskaske Bondye reponn yon fason. Mwen pa ka viv konsa. Mwen jis pa ka kontinye.

236 Sa kapab repons la isit la. M pa konnen. "Jiskaske l chanje m," èske nou sonje vizyon an gen anviwon twa semèn, "m te kanpe nan solèy la, ap preche kongregasyon an"? Nou tout te la dimanch pase a. Anpil dimanch, nou menm moun isit yo ki gen bann yo, epi—epi ki te isit la lè yo te anrejistre l, nou konprann bagay sa yo. Paske, kounye a mwen pral jis touche pwen sa yo, epi siveye sa. Jis menm chak ti detay ki te di sou sa, nou jwenn li drèt nan sa, kidonk sa dwe entèpretasyon an. M pa konnen. Se poutèt sa m ap di: "Mèsye, èske se sa a?"

237 Mwen kwè ke "setyèm anj" nan Apokalips 10 la se setyèm mesaj laj legliz la nan Apokalips 3:14. Sonje. Koulye a, kite m li. Gade kote mwen ka li. Kounye a, sa a se te setyèm anj lan.

Men, nan jou vwa setyèm anj lan, (7yèm vèsè) lè li pral kòmanse sonnen twonpèt la, mistè Bondye a ta dwe akonpli, jan li te deklare sèvitè l yo, pwofèt yo.

238 Kounye a, remake, sa a se te yon anj. Epi se anj setyèm laj legliz la, paske li di isit la, se "setyèm anj lan," nan setyèm laj legliz la. Nou te jwenn ke, si nou vle wè ki moun ki...kote anj lan ye, Apokalips 3:14, li se: "Anj pou legliz Lawodise a."

239 Kounye a, sonje lè yo te di sa la, zanj yo ak laj legliz yo. Epi kounyeya, nan sa a, li pral entegre drèt nan Sèt So sa yo ke n ap vin pale yo. Epi Sèt So ke n ap eseye pale de yo a, lè n ap vini lè sa a, se sèt So ki ekri yo. Epi Sèt So sa yo, jan nou konnen an, se jis manifestasyon sèt zanj sèt legliz yo; men, gen sèt lòt So ki sou do Liv la, Li deyò Bib la. Remake. Nou pral rive sou li nan yon moman.

240 Kounye a, anvan m kòmanse sa a, èske nou fatige? Èske nou ta renmen kanpe, chanje pozisyon? [Kongregasyon an di: "Non." — Editè a.] Kounye a koute byen.

241 Setyèm anj Apokalips 10:7 se mesaj setyèm aj legliz la. Ou wè? Koulye a siveye. "Epi nan jou yo..." Kounye a siveye isit la:

Men, nan jou vwa setyèm anj lan, lè li pral kòmanse sonnen twonpèt la, mistè Bondye a ta dwe akonpli,...

242 Kounyeya, mesaj sa a, k ap sonnen an, setyèm anj ki isit la ap sonnen twonpèt Mesaj li a bay legliz Lawodise a. Remake jan de mesaj li a. Bon, se pat pou premye anj lan, yo pa t ba l Sa; dezyèm anj, twazyèm, katriyèm, senkyèm, sizyèm. Men se setyèm anj lan ki te gen jan de Mesaj sa a. Kisa li te ye? Remake jan de Mesaj li a, "Akonpli tout mistè Bondye yo, ki ekri nan Liv la." Setyèm anj lan ap fini ak tout mistè yo ki te rete sispandi, nan tout òganizasyon ak denominasyon sa yo. Setyèm anj lan rasanble yo, epi li fini mistè a nèt. Se sa Bib la di: "Fini mistè Liv ekri a."

243 Kounye a annou note kèk nan mistè sa yo, epi si w vle ekri yo. Premyèman, mwen pral pran sa Scofield di isit la, nan Matye 13. Si ou ta renmen enskri kèk nan yo, si ou pa gen yon Bib Scofield, ou ta ka li sa li panse kèk nan mistè yo ye. Kounye a, nan vèsè 11 lan:

Aprè sa, li reponn li di yo: Sa te bay a nou menm, (Disip li yo), paske sa te bay a noumenm pou nou konnen mistè wayòm ki nan syèl la, men pa a yomenm, men sa pat bay a yomenm.

244 Mistè yo, men sa yon "mistè" ye. Yon mistè nan Lekriti, se yon Verite ki te kache anvan epi kounye a ki revele Divinnman, men (ki se) gen yon eleman sinatirèl ki toujou rete malgre revelasyon an. Pi gran mistè yo, epi gran mistè yo se:

245 Nimewo en, mistè Wayòm Syèl la. Se sou sa n ap pale kounye a. 13, Matye 13:3 a 50.

246 Kounye a, dezyèm mistè se mistè avègleman Izrayèl la pandan laj sa a. Women 11:25, ak kontèks la.

247 Twazyèm, twazyèm mistè se mistè anlèvman sen ki rete vivan yo nan fen tan laj sa a. Premye Korentyen 15, epi tou Tesalonisyen 4:14 a 17.

248 Katriyèm lan, mistè Legliz Nouvo Testaman an kòm yon sèl Kò ki konpoze alafwa, ak jwif ak Moun lòt Nasyon yo. Efezyen 3:1 a 11, Women 16:25, epi tou Efezyen 6:19, Kolosyen 4:3.

249 Senkyèm mistè a se Legliz la kòm Lepouz Kris la. Efezyen 5:28 a 32.

250 Sizyèm mistè se Kris vivan an, menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan. Galat 2:20, ak Ebre 13:8, ak anpil kote konsa.

251 Setyèm mistè a konsène Bondye, Kris menm kòm plenitid Divinite a enkane, ki nan yon kò, nan Li tout Sajès divin...

252 ...epi lapyete retabli bay lòm.

253 Nevyèm mistè se mistè inikite a, yo jwenn nan De Tesalonisyen, elatriye.

254 Dizyèm mistè a konsène sèt zetwal yo nan Apokalips 1:20. Nou jis sot pase sou sa, "Sèt zetwal nan sèt legliz yo, sèt mesaj yo," e latrize.

255 Epi onzyèm mistè a se mistè Babilòn, pwostitye a. Apokalips 17:5 a 7.

256 Sa a se kèk nan mistè ke zanj sa a sipoze fini, tout "mistè a," tout mistè Bondye yo.

Ak lòt yo, e mwen ka di sa ak respè, epi m pap fè referans ak tèt mwen, men m ap pale de Zanj Bondye a.

257 Semans sèpan an, sa te yon mistè cache, pandan tout ane yo.

258 Lagras, ki redrese; pa disgras, men reyèl, vrè gras la.

259 Pa gen yon bagay konsa yon Lanfè Etènèl k ap boule. Ou pral boule pandan plizyè milyon ane. Men, nenpòt bagay ki te Etènèl, pa t janm gen yon kòmansman oswa yon fen; epi lanfè te kreye.

Tout mistè sa yo!

260 Mistè batèm Sentespri a, san sansasyon, men Pèsòn Kris la k ap fè nan nou menm zèv ke Li te fè yo.

261 Mistè batèm dlo a. Kote, trinitarism ekstrèm lan te pote l nan tit "Pè, Fis, Sentespri." Epi mistè Divinite a te akonpli nan batèm nan Non "Jezikri a," dapre Liv Apokalips la, ke Legliz la te dwe resevwa nan tan sa a.

Men kèk nan mistè yo.

262 Kolòn Dife a ki retounen ankò. Amèn! Se bagay ki sipoze fèt, e nou wè sa.

O, ala nou ta ka kontinye, ap nonmen mistè yo!

263 Lè w wè Kolòn Dife sa a ki te dirije pèp Izrayèl la, se menm Sila a ki te frape Sòl sou wout li pou al Damas! E menm Sila a vini, ak menm Pwisans lan, k ap fè menm bagay yo, epi revele menm Pawòl la, ki rete mo pou mo ak Bib la!

264 Sonnen twonpèt la vle di twonpèt "Levanjil". Epi sonnen twonpèt, nan Bib la, vle di, "Prepare pou lagè Eskriptirè yo". Èske w konprann sa? Lagè eskriptirè!

265 Pòl te di, si ou vle note sa a, Premye Korentyen 14:8. Pòl di: "Si twonpèt la bay yon son ensèten, ki jan yon moun pral konnen kisa pou l prepare pou li?" E si li pa gen yon son ki selon Lekriti, youn ki konfime, yon—yon konfimasyon Pawòl Bondye a manifeste, ki jan nou pral konnen nou nan tan lafen an?

266 Si li di yo kwè ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, men nye siy li yo ak bèl mèvèy ki fè tout domèn nati a te kwè nan li, ak tout Legliz la te kwè nan Li pa bagay sa, kouman nou pral konnen ki jan pou nou prepare?

267 Yon moun te vini ak yon tablo epi li te desine tout bagay la; epi yon moun ap vini ak yon lòt bagay, e li *te desine* tout bagay sa yo, kontrèman ak sa a . Gen kèk ki te vini epi yo te di sa a se Li, tounen vin jwenn sa a. Epi lòt moun te ekri liv, ak bagay konsa.

268 Men, Bondye vini nan Pwisans rezirèksyon Li a! E kiyès ki pral pale kont Li? Si Jezikri se menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan, Li fè menm jan Li te fè yè, jodi a ak pou tout tan. Se sa anj sa a sipoze fè, pran mistè sa yo, ki te rete sispandi epi moun yo devye sou yo.

269 Remake, si li bay yon son konfi, ki pa eskriptirè, ki moun ki ka prepare tèt li? Men, yon twonpèt, èske nou te remake, chak nan laj sa yo? Kòm mwen t ap pale nou de yon legliz ki t ap vini , te gen yon twonpèt ki te sonnen, yon So te brize. E yon twonpèt vle di lagè. Si li pa bay yon son Eskriptirè, kisa li ye?

Men kite m raple sa a nan memwa ou. Pa rate li kounye a.

270 Remake, chak laj legliz te gen mesajè pa I. Nou konnen sa. Pòl te premye mesajè a. Epi lè premye twonpèt la te sonnen, epi premye So a te brize, Pòl te premye mesajè a, kòm nou te wè, e kisa li te fè? Li te deklare lagè kont (kiyès?) Legliz Òtodòks la, paske yo pa t kwè siy Mesyanik ke Jezi te pwodui pou yo a. Ebyen, yo ta dwe konnen sa. Yo ta dwe konnen Li.

271 Sonje byen, Pòl vini nan fen laj la. Tout mesajè yo vini nan fen laj la. Se nan tan lafen an, lè bagay sa yo yo—yo fèt.

272 Pòl te konnen Ekriti yo, e li te konnen Jezi te Mesi a, e li te frape sinagòg sa yo, de yon kote a yon lòt, ak Lèzekriti, e yo te mete I deyò nan yo chak. Jiskaske, finalman, li te souke pousyè nan pye I, li te tounen al jwenn Moun lòt Nasyon yo. Kisa sa te ye? Se son yon twonpèt; yon anj, yon mesajè, kanpe la avèk Pawòl la! O la la! Piga w rate sa kounye a. Pawòl la! Epi Pòl, avèk entèpretasyon Pawòl Bondye a san melanj, te frape tout sinagòg sa yo. Sa te koute I lavi.

273 Ala nou te ka pale de Irine, sila a, mesaje pwochen laj legliz la!

274 Epi de Sen Martin, pou pwochen laj legliz la, lè doktrin Nikolait yo te kòmanse antre. Epi yo te frape laj sa a. Sen Martin te frape laj li a.

275 Answit Luther, senkyèm mesaje a, li te frape legliz Katolik sa a, ak Pawòl Bondye a. Li te di: "Jis la pral viv pa lafwa". "Epi sa a se pa kò literal Kris la," epi li te jete kominyon an atè a, epi li te mache soti epi li te frape legliz Katolik sa a. Twonpèt sa a te byen sonnen. Se vre? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Editè a.]

276 John Wesley te leve, nan epòk legliz Anglikan lan. Yo te di: "Ebyen," yo te di, "pa gen okenn rezon ankò pou gen revèy," epi li te rete nan semans lan. Men John Wesley te leve kanpe, ak mesaj dezyèm zèv lagras la, sanktifikasyon, epi li te frape legliz Anglikan sa a ak yon twonpèt Levanjil, ki te prepare pou lagè. Se vre. Li te fè sa.

277 Kounye a nou nan laj Lawodise a, kote yo fòme yon denominasyon ankò; Metodis, Batis, Presbiteryen, Literyen, Pannkotist. Epi n ap chèche yon pwofèt ki gen pou vini, pou sekwe laj sa a, epi fè yo soti nan inikite yo.

278 Kounye a, si sa se te tandans lan, atravè tout laj la, èske Bondye pral chanje tandans Li jodi a? [Kongregasyon an di, "Non." — Editè a.] Li pa ka chanje sa. Li dwe kenbe fason abityèl Li a.

279 Epi sonje, mesaje sa a se te setyèm anj lan, e li te dwe pran tout mistè yo epi rasanble yo. Remake, setyèm anj lan te dwe kondane Legliz Lawodise, ki te rich la. "'Mwen rich, mwen gen anpil byen, e mwen pa bezwen anyen.'" Li di: "Ou mizerab, pòv, avèg, toutouni, epi ou pa konnen sa." Se te Mesaj li.

280 O Bondye, voye yon pwofèt ki pa pè anyen pou nou avèk ENSI DI SEYÈ A, ke Pawòl Bondye konfime a ap bouje nan li epi pwouve ke se Bondye ki voye l. Epi lè li vini, li va kondane laj sa yo. Se vre wi. Li pral drese legliz Lawodise sa a kont li. Sètènman, li pral fè l. Yo te fè sa nan tout lòt laj. Sa p ap chanje nan laj sa a. Li dwe menm bagay la tou.

281 Remake legliz Lawodise a kounye a. Mesaje Lawodise a (pral fini), setyèm anj lan, pral fini tout mistè ki te pèdi nan batay yo, anvan, pou Laverite.

282 Luther te parèt, men li pa t gen tout Verite a. Li sèlman te gen jistifikasyon. Se vre.

283 Yon lòt mesaje ki te rele John Wesley te vini ak sanktifikasyon. Li pa t genyen L. Bib la te di. Legliz Filadèlfi a!

284 Apre sa, laj legliz Lawodise a vini, avèk batèm Lespri a. Men yo te gache tout bagay, epi yo retounen drèt nan fòmalis tankou yo te fè premye fwa a.

285 Alòske, "Li te dwe konsidere kòm Alfa ak Omega," men Li ki pandye nan *yon* direksyon, epi nan *yon* lòt, "Premye a ak Dènye a".

Lespri Li te tonbe nan jou Pannkòt la e te ranpli gwoup sa a.

286 Li te vide piti piti, jiskaske li rive nan laj tenèb yo. Sèt Chandelye ki fèt ak Lò yo, sèt laj legliz yo, dènye a se te li ki te pi elwaye de Li. Sa te yon mil-...prèske mil ane nan laj tenèb, avèk legliz Katolik la.

287 Luther kòmanse pote pwochen limyè a, yon ti kras pi pre Pawòl la.

Pwochen limyè a, vin yon ti kras pi pre.

288 Pwochen limyè a, Lawodise a. Epi li tounen imedyatman tankou li te fè, premye fwa a, li t ale nan menm dezòd la li te fè premye fwa a. Nou pa wè sa mwen vle di a? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Editè a.]

289 Koulye a, gade. Gen yon pakèt Verite ki pèdi deyò a la, (poukisa?) Kote lòt moun fè konpwomi sou Laverite. Men setyèm anj sa a p ap fè konpwomi sou anyen. Li rasanble tout bout ki rete sispann yo, li rasanble yo tout. Epi lè li sonnen twonpèt la, li di: "Tout mistè Bondye a ta dwe akonpli." O! Bondye, voye l. Tout mistè kache yo te akonpli lè, li, Li te revele ba li. Pa kisa? Si sa yo se mistè kache, nonm sa a dwe yon pwofèt. Epi èske nou pat jis rive sou sa epi wè ke pwofèt la, ki t ap vini nan dènye aj la, se t ap gran Eli sa a ke nou t ap tann lan? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Editè a.] Paske, mistè sa yo ki kache devan je teyolojyen yo,

pral gen pou yo revele; pa Bondye. Epi Pawòl la vin jwenn sèlman pwofèt la. ["Amèn."] E nou konnen sa. Li pral dezyèm Eli a, jan li te pwomèt la. O, la la! Mesaj li—li pral pote a pral mistè yo, tout, tout bagay sa yo.

290 Nou gen batèm dlo a. Tout bagay melanje nèt. Se vre. Youn aspèje dlo; youn vide dlo. Youn pran "Pè, Fis, Sentespri." Youn pran sa. Youn batize twa fwa, fas devan; paske, youn pou yon Bondye yo rele "Papa", yon lòt pou yon Bondye yo rele "Pitit," yon lòt pou yon Bondye yo rele "Sentespri". Yon lòt di: "Ou fè mal. Li dwe 'batize al sou dèyè, twa fwa, *fason* sa. " Epi, o, ala yon dezòd!

291 Men tout bagay la fini, paske gen yon sèl Bondye, e Non Li se Jezikri. "Epi pa gen yon lòt Non anba syèl la kote moun dwe sove." Pa gen yon sèl tèks nan Lekriti, okenn kote nan Bib la, kote nenpòt moun te janm batize nan nenpòt lòt fason, ke nan Non Jezikri. Pa gen yon sèl fwa okenn nan nouvo Legliz la, oswa Legliz Jezikri a, te janm aspèje dlo, vide dlo, oswa nenpòt lòt bagay. Yo pa t janm itilize yon seremoni yon sèl fwa, "Mwen batize w nan non Papa a, Pitit la, Sentespri a." Se kredo e latriye.

292 Epi nan batay pou Verite a, pwenn sa yo te pèdi, men Bondye te di Li t ap retabli yo ankò nan dènye jou yo. "Mwen pral retabli," Seyè a di. Nou te wè sa, pa gen lontan, *Pyebwa Lepouz La*. Sa pral pran yon pwofèt. Bib la di ke li ta la. Se vre. Malachi 4, di ke li pral isit la, epi nou kwè ke li pral la. N ap tann li. Epi n ap tann manifestasyon l, epi n ap wè Pawòl Bondye a konfime.

293 Va gen kèk sèlman ki pral konprann Li. "Kòm sa te ye nan epòk Noye a, se konsa sa pral ye lè Fis de lòm nan ap vini." Konbyen ki te sove? Senk nanm...Nan jou Lòt yo, te gen twa ki te sove. Madanm nan te kòmanse soti, li pèdi. "Se konsa sa pral rive lè Fis de lòm nan ap vini." Pral gen yon ti kras k ap sove, k ap anlve nan tan sa a; youn nan mistè yo, konsènan Legliz sa a ki te anlve a. Menm jan yo te mennen Lòt deyò, tankou Lòt te soti, ale lwen; Yo te anlve Noye; epi Legliz la pral anlve, tou. Youn te antre; epi youn te soti; epi Lòt la monte. Ou wè? Se egzakteman, pafè.

294 Pawòl la vini. "Liv ki ekri anndan an," fini lè sa a, lè tout mistè sa yo fin sonnen. Koulye a kite m li l ankò, kounye a, konsa ou va sèten. Koulye a gade:

Men, nan jou vwa setyèm anj lan (dènye anj lan), lè li pral kòmanse sonnen twonpèt la, mistè Bondye a ta dwe akonpli,...

295 Kounye a, kisa "mistè Bondye a," youn nan yo ye? Pòl di, nan Premye Timote 3, mwen kwè ke li te, te di: "San diskisyon mistè Bondye a gran: paske Bondye te manifeste nan lachè (nou te manyen L, nou te wè L), elve nan Laglwa, Zanj yo te wè L, Li te konfime isit la sou tè a." Se te Bondye! Se sèten, se yon gran mistè, men li te rezoud nèt. Pa "Pè, Fis, ak Sentespri," twa Bondye; men, yon sèl Bondye nan twa fonksyon. Papa a, sou Moyiz; Pitit Gason an, sou Kris la; Sentespri a, sou dispansasyon sa a. Twa dispansasyon menm Bondye a; pa twa Bondye. Mistè a fini kounye a. Bib la te di li ta dwe fini. Lè a...

296 Mwen te wè, lòt jou a, kote lasyans t ap eseye kontredi m, nan sa yo te konn di, lè m te di: "Nenpòt moun ki te kwè Èv manje yon pòm!" Koulye a, syans yo di, ou te wè nan jounal la lòt jou a, yon gwo tit: "Li manje yon abriko." Sa pa gen sans. Èske sa--èske sa t ap sedwi l? [Kongregasyon an di, "Non." — Editè a.] Sètènman pa. Ou wè? Yo jis... Se sa—se sa Kayen te panse, ou konnen, e li te pote menm bagay la tounen, men Bondye pa t resevwa sakrifis li a. Epi Abèl, ki te jis, sa te revele a limenm: "Se te san," epi li pote san an.

O Bondye, legliz sa a ak laj n ap viv ladann lan!

297 "Liv ki ekri anndan an" fini alò lè anj sa a sispann, (kounye a tanpri konprann sa a), lè Mesaj setyèm anj lan fini; mistè Divinite a, mistè semans sèpan an, tout lòt mistè de tout bagay sa yo.

298 Pitit Gason Etènèl la, pandan y ap pale de sa. Ki jan li ka yon Pitit Gason Etènèl, alòske Letènite pa janm kòmanse oswa pa janm fini; e yon pitit gason se yon bagay ki fèt? Ki jan sa ka fè sans?

299 Ki jan ka gen yon lanfè Etènèl, alòske lanfè te kreye? Mwen kwè nan yon lanfè k ap boule. Sètènman, Bib la di sa. Men, li gen pou l detwi. Bib la di: "Benediksyon pou moun ki pa patisipe

nan dezyèm lanmò a.” Ou wè? Ou wè, ou p ap detwi nan dezyèm lanmò a. Premye a se yon fizik. Dezyèm lan se yon lanmò espiyèl, lè tout bagay fini. “Nanm ki peche a, se nanm sa a ki va mouri.” Ou pral pini pou peche w yo, petèt atravè plizyè santèn ane, plizyè milye ane. Men pa ka gen yon lanfè ki p ap janm fini, paske Bib la di lanfè te kreye. Ki jan li ka te kreye epi pou li Etènèl? Si te janm gen... Bib la di: “Lanfè te kreye pou dyab la ak zanj li yo.” E alò si li te kreye, li pa kapab Etènèl. Paske, Etènèl, nenpòt bagay ki Etènèl, pa janm te gen yon kòmansman oswa te gen yon fen.

300 Se konsa nou pa janm ka mouri, paske nou te toujou egziste. Nou se yon pati nan Bondye, desandan Bondye a, epi Li se sèl bagay Etènèl ki genyen. [Frè Branham frape sou chè a twa fwa—Editè a.] Amèn. Nou pa kapab mouri plis pase Bondye ka mouri, paske nou Etènèl, avèk Li. Amèn! Kite sa vini! Alelouya! Nou on jan fatigue ak vye kay pestifere sa a, de tout fason.

301 Remake, “Liv ki ekri a,” lè anj sa a te fini ak tout ministè sa yo ki te rete sispann, atravè batay yo te mennen, Luther te goumen, Wesley te goumen, e Pannkòt yo te goumen. Men Bib la di: “Men, gen youn k ap vini, ki nan jou l ap sonnen twonpèt la, tout mistè sa yo...” Initè a pati ak Non Jezi; Trinitè a pati ak Pè, Fis, Sentespri, menm jan yo te fè nan Konsil Nise a, se menm bagay la; yo tou de te antò. Men, kounye a, nan mitan wout la, nan Lèzekriti, Verite a layite la. Nou wè kote nou ye? Anj Seyè a!

302 Remake Apokalips 5:1. Koute sa kounye a:

Aprè sa, mwen wè nan men dwat moun ki te chita sou twòn lan yon liv ki te ekri anndan (ki te ekri sou anndan an) ak sou dèyò, sele ak sèt so.

303 Kounye a, gen bagay ki ekriti anndan Liv la. Men, sou deyò a, sou do Liv sa, te gen Sèt So ki pat ekri nan Liv la. Kounye a, sa a se revelatè a k ap pale, Jan. Kounye a, sonje, Li pa t ekri nan Liv la. “Epi nan jou vwa setyèm anj lan, tout mistè sa a ki ekri anndan an ta dwe akonpli.” Li ta dwe rezoud, nan jou sa a. Koulye a, nou wè sa mwen vle di? [Kongregasyon an di: “Amèn.” — Editè a.] Èske n ap suiv mwen? [“Amèn.”] Alò se lè pou sèt vwa Apokalips 10 yo dwe revele. Lè Liv la fini, gen yon sèl bagay ki rete, e se sèt vwa tonè misterye sa yo ki te ekri sou do Liv la, ke yo te entèdi Jan pou l ekri. Kite m li li.

Aprè sa, mwen wè yon anj, yon anj pwisan ki desann sot nan syèl la, ki te abiye ak yon nwaj: ak yon lakansyèl te sou tèt li, ak figi l te tankou... solèy la, ak pye l yo tankou kolòn dife.

Aprè sa, li te gen yon ti liv louvri nan men l:... (Ou wè, kounye a gade sa a.) ... epi li mete pye dwat li sou lanmè a, ... goch li ... sou tè a,

Epi li te rele byen fò, tankou lè yon lyon ap gwonde: epi lè li te rele, sèt tonè yo te fè tande vwa yo. (Ou wè.)

Epi lè sèt tonè yo te fin fè tande vwa yo, mwen te pral ekri: ...

304 Te genyen on bagay ki te di. Li pat jis on bri. Te genyen on bagay. Li ta pral ekri.

... epi mwen te tande yon vwa nan syèl la ki di mwen,...

305 Gade ki kote vwa yo te ye, Tonè yo. Pa nan syèl la; sou latè a! Tonè yo pa janm pwononse nan syèl la. Yo pwononse depi sou latè a.

... epi mwen ta pral ekri: lè m tande yon vwa nan syèl la ki di m konsa: Sele (S majiskil -e-l-e) Sele bagay sa yo ke sèt tonè yo sot di a, epi pa ekri li.

306 Li sou dèyè a, lè yon Liv fini. Li pa di: "Sou devan an." Li di: "Sou dèyè a," apre ke tout Bagay fini, konplete. Lè sa a, vwa Sèt Tonè sa yo, se sèl bagay ki atache a Liv la, ki pa revele. Li pa menm ekri nan Liv la.

307 Oh lala! Mwen ta renmen ka transmèt sa a bay moun yo, epi pou yo kapab... Pa manke sa a. Pa, pa manke sa a. Tanpri pa fè l, fwa sa a. M pral kite nou. Pa manke sa a. Nou pa janm tande, tande!

308 So sa yo andeyò Liv la. "Epi nan moman kote setyèm anj lan sonnen twonpèt la, tout mistè ki ekri nan Liv la akonpli." Epi imedyatman Liv la, ki te ouvri epi ki te ekri andedan an, fenmen, "Mistè Bondye yo akonpli." Epi sa se mistè Bondye yo: depa Legliz la, epi tout lòt bagay sa yo. "Mistè yo fini." Lè setyèm anj lan pwoklame tout mistè yo, se fini. Kèlkeswa moun li ye, kèlkeswa sa l ta ye. Pawòl Bondye pa ka fayi. Epi Li di:

Men lè setyèm zanj lan va pran kònen klewon l lan, Bondye pral fè sa Li gen pou L fè dapre plan travay Li te kenbe sere nan tèt Li a, jan L te fè pwofèt ki tap sèvi L yo konn sa.

309 Tout bagay sa yo, tankou, oh, Wòm ki pwostitye a-a, epi tout legliz Pwotestan yo, denominasyon yo ki pote non li, ki vin pwostitye l yo. Nou wè? Tout mistè sa yo, ke pwofèt yo te pale, pral revele isit la menm, nan dènye lè sa a.

310 Epi lè setyèm anj sa a parèt nan laj Lawodise a epi ke l kòmanse fè sonnen vre Twonpèt la, paske Lap diferan, yo pap kwè L. Se sèten ke yo pap kwè L. Men lap on pwofèt ki enspire, paske pa gen mwayen imajine Sa a.

311 Lèzòm eseye imajine trinite a, epi yo vin gen cheve blan epi yo vin fou. Pèsonn ka konprann li. Yo toujou kwè ke Èv te manje yon pòm, epi tout bagay sa yo. Paske, se yon tradisyon ke lèzòm kenbe, se konsa ke Jezi te jwenn legliz la.

312 Men lap oblije yon pwofèt ki kondwi pa Bondye, pou ke Pawòl Bondye a vin a li, avèk vre entèpretasyon revelasyon Jezikri a. Alò, li-li dwe konsa. Bondye ede nou!

313 Bon, “Lè li sonnen twopèt la,” kounye a, se MEN SA SEYÈ A DI! Sa a klè pou nou. Lè li pwoklame Mesaj li, li deklare lagè; tankou Pòl te fè l kont Òtodòks yo, tankou lòt yo te fè l, tankou Lutè, Wesley, kont òganizasyon yo. Lè li deklare lagè, epi li di yo: “Nap bay manti, epi se pa la Verite! Epi y ap twonpe moun yo!” Lè li pwoklame Sa, ou pa ka fayi. Li pap fayi, paske lap jistifye pa Pawòl Bondye a. Nap konn egzakteman kisa L ye. Epi lè lap fè l, lap mande moun yo soti de Babilòn, “Nou menm pèp mwen, wete kò nou nan mitan yo, pou nou pa patisipe nan peche l yo.” Bondye, voye li! Pa manke sa.

314 Kounye a, “Lè li pral kòmanse sonnen twonpèt la, mistè a ap fini.” Kounye a, remake, alò li lè ke vwa Sèt So yo, nan Apokalips 10, revele. Èske nou konprann? [Asanble a di: “Amèn.”-Ed.] Lè tout mistè Liv la pral akonpli! Epi Bib la te di, la a, ke li pral kanpe mistè yo.

315 Lè, dèzòm nan lòt epòk te goumen pou Laverite. Yo te batay pou jistifikasyon. Yo mande tèt yo poukisa. Sanktifikasyon! Yo te batay pou si, epi yo te batay pou sa. Yo te batay pou si. Kisa yo te fè apre? Yo fè demi tou epi yo òganize tèt yo, menm bagay la. Pannkotis yo, epi Batis yo, Presbityen yo, Luteryen yo, yo tout fè menm bagay la, yo fè demi tou epi yo fè menm bagay la.

316 Epi Bib la di, nan Apokalips 17, ke se sa yo pral fè, vye manman pwostitye a ak pitit fi li yo, “MISTÈ, BABILÒN.” Bib la di, la a, ke se pral youn nan mistè yo ki pral devwale. Pwotestan yo, pwostitye, “kap fè fònikasyon esprityèl,” kap kondwi moun yo pa de denominasyon, avèk “koup inikite yo,” de doktrin ki fèt pa lèzòm; epi ki elwaye yo de fontenn ki ranpli ak San, kote Pwisans Bondye Tou Pwisans an koule libreman pou manifeste Jezikri. Se vre. Alò, Bondye pral apiye L, epi Li fè l, epi Li pral kontinye fè l. Men, lè sa rive, Pawòl la fini.

317 Kounye a jis rete on sèl bagay, se Sèt Tonè yo ke nou pa konnen. Epi li pa tap tone pou granmèsi.

318 Bondye pa fè bagay jis pou jwe. Nou jwe epi nou aji bètman, men pa Bondye. Tout bagay ak Bondye se “Wi” epi “Non.” Li pa jis fè tenten. Li pa jwe. Li panse sa L di a. Epi Li pa di anyen a mwens ke gen yon bagay, on sans a sa.

319 Epi Sèt Tonè yo, ki jis la a nan revelasyon Jezikri a, Se yon mistè. Èske Bib la pa di ke Sa se “revelasyon Jezikri a”? [Asanble a di: “Amèn.”-Ed.] Ebyen, gen yon mistè kache sou Sa. Hum! Kisa l ye? Sèt Tonè yo genyen L. Paske, Jan te pare pou ekri, epi yon Vwa desann de Syèl la, Li di: “Pa ekri L. Men, sele L. Sele L byen. Mete L nan do Liv la.” Li dwe revele. Se mistè yo.

320 Kounye a, nou rezoud bagay sa yo, pa Sentespri a, Li di nou: “Se pat pòm. Se te seksyèl.” Li di nou bagay sa yo. Pa gen moun ki ka kanpe devan L. M pa janm wè yon predikatè, nan vi m, ki te dakò ak Sa. Men, m mande yo.

321 Nou konnen, a Chicago, lè nou te kanpe devan yo, apeprè twasan senkant predikatè, noumenm la a fanm ki soti Chicago, nou te la a, nou te tande pale de sa.

322 E Seyè a te di m, twa nwit anvan, Li te di: “Yo pral met on pyèj pou ou.” Li te di: “Kanpe nan fenèt la isi a epi M ap montre w.” Li te di: “Frè Carlson ak—ak Tommy Hicks ap rankontre avè w demen maten, yap vle al nan dejene. E ou pral di Tommy rete. Men,” Li te di: “men kijan sa ap sanble. Di yo ke yo pap gen reyinyon sa a nan plas y ap panse a. Yo pral nan yon lòt plas.” Li te di: “Pa pè. M ap avè w.” Sa ase pou mwen.

323 Nan demen maten, Mesye Carlson, prezidan Òm Dafè Plen Evanjil lan, vini, li te di...li te rele m, epi li di: “Frè Branham, m vle al nan dejene avè w.”

324 M di: “Trè byen.” (M di: “Gade Tommy Hicks ap la a, tou.”)

325 M te desann nan Town And Country an, epi l te di: “Ebyen, Frè Branham,” li di: “sa se bèl...”

M di: “Tommy, èske w ka rann mwen on sèvis?”

“Sèten, Frè Branham.”

M di: “Mande m si w ta vle pale pou mwen?”

Li di: “O, m—m pa ta ka fè sa.”

326 M di: "Poukisa? M jis on etidyan ki rive setyèm ane, epi mwen—m ap di...M ta di *anpi* olye de *abit*. Ou wè? M pa konn kijan pou m pale devan la a. E pral gen Asosyasyon Pastoral Gran Chicago a. Kijan m pral pale devan yo, ak edikasyon setyèm ane m lan, Tommy? Ou se yon Doktè an Teyoloji." M di: "Ou tap konnen kijan pou pale. M pa konnen."

Li di: "Frè Branham, m pa ta ka fè sa."

327 M di: "Poukisa? M te rann ou anpil sèvis." E m di l on jan dirèk.

328 E Frè Carlson te di: "O, Frè Branham, li pa ta ka fè sa."

M di: "Poukisa?"

Li di: "Ebyen, li, la—la—la—la..."

329 M di: "Ou konn poukisa? Ou konnen poukisa, men ou pa vle di m. Yo pare yon pyèj pou mwen."

330 Epi m te di: "Frè Carlson, ou te gen chanm lotèl sa a, pa vre, kote nou te gen lòt bankè a?"

"Wi."

M te di: "Ou pap jwenn li."

331 Li te di: "Ebyen, Frè Branham, m te fin fè depozit sou li."

332 M di: "Sa pa enterese m sa w fè. Li pap fèt la a. Sa se yon sal koulè vèt. Nou pral nan yon sal koulè mawon. Map dèyè nan kwen an. Doktè Mead pral chita a dwat. Mesye nwa sa a ak madanm li pral chita *isi a*, epi *entèl entèl*. Pral gen yon prèt Buddha k ap chita nan dènye bout a dwat mwen," e men kòman yo pral abiye.

333 Epi m te di: "Ou konn sa l ye, Tommy. Ou se... Asosyasyon Pastoral Gran Chicago an pral ban m on defi sou 'batèm nan Non Jezikri an.' Asosyasyon Pastoral Gran Chicago an pral ban m on defi sou 'evidans Sentespri an,' pale nan lang. Yo pral ban m on defi sou 'semans sèpan an,' epi sou predikasyon 'gras' la."

334 Tommy te gade m, epi li di: "Mizèrikòd! Bonte Divin!" Li te di: "M pa panse ke m ap menm ale."

M di: "Wi, vini."

335 Epi nan demen, nonm ki te pran depozit la, remèt li depozit la, epi li di: “Nou gen yon òkès. Nou te rezève l, e nou te bliye sa, epi te pèdi bagay sa a. E nou te oblije bay li bay on òkès, ensi ou pa ka genyen l.” Epi nou al nan Town And Country.

336 M te antre, jou maten sa a, epi yo tout te la a. Lè m te chita dèyè biwo an dèyè la a, epi ke m t ap tann, apre ke yo te gen dejene yo, m te vire gade yo kon sa. Nou te gen dejene an nan yon sal. Nou soti, nou chita la a, epi te gen Asosyasyon Pastoral Gran Chicago an. M te vire gade yo. Chak te prezante tèt yo kòm Doktè Ph.D., L.L., Q.U.S.T., ak tout jan de bagay sa yo kon sa. M jis rete chita epi m te koute yo, jiskaske yo te fini. Epi Frè—Frè Carlson te leve. Li te di: “Mesye...”

337 E nou tout konn Hank Carlson. E, la a, mande l. Ebyen, nou genyen l sou kasèt isi a menm. Si nou vle achte kasèt la, li isi a. Ti mesye yo genyen l.

338 Li te di: “Mesye,” li di: “m prezante nou, pwochen an, Frè Branham.” Li di: “Nou tout pa dakò avè l, sou Doktrin li, men kite m di nou on bagay. Sa fè twa jou, nou te chita on kote, e si nonm sa a pat di m tout bagay ki te rive maten an, m pa tap la a. Li te di m ke nou tout ap pare pou poze l kesyon sou Doktrin li. Epi l te di m ke m tap dwe anile lòt plas sa a, epi pou m isi a. E li te di m egzakteman kote Doktè Mead ak moun sa yo tap chita, egzakteman, e men yo.” Li di: “Nou te ka pa dakò avè l, men m ap di yon sèl bagay, li pa pè sa l panse.”

Li di: “Kounye a, Frè Branham, la pawòl pou ou.”

339 M di: “Anvan nou kòmanse...” M te li sa m te fè maten an: “M pat dezobeyisan ak vizyon Selès la,” M di: “Kounye a ann regle sa. Kounye a, nou tout pale ke nou se Doktè an Teyoloji; e m kanpe isi a pou kont mwen.” M di: “Si se sa, nou vle poze m kesyon, sou batèm nan Non Jezi. N ap kòmanse ak premye sa a. M vle youn nan nou mesye pote Bib nou epi kanpe isi a bò kote m, sou nenpòt bagay ke m te anseye.” M di: “Kanpe isi a bò kote m, epi, ak Pawòl Bondye a, demanti l.” M te tann. Pèsòn pat di anyen. M di: “M ap mande pou kèk nan nou mesye vin kanpe bò kote m.” M di: “Ki pwoblèm nou? Alò, rale kò nou sou do m, si nou pè kanpe isi a bò kote m.”

340 Se pa mwen yo te pè; se Anj sa a de Bondye Toupisan an. Paske, yo konnen ke, si l te ka anonse m on bagay davans... Yo pi entèlijan ke sa m te panse. Yo te konnen pou yo pat kanpe la a. En en. Nou konnen, nou te nan moman, nan moman sa yo, tou. Men yo pat fè l. Ki pwoblèm lan, si li tèlman gran, e yo konnen ke li tèlman vrè.

341 Mwen mete l sou kasèt, epi tout lòt kote; m pare pou m pale sou li, on fason Kreyenn, ak nenpot frè. M pap diskite ak pèsòn; men m vle ke nou vini, kontredi tout Sa, pa Pawòl la.

Pa pa manyèl nou, oubyen; pa sa Doktè *Entèl entèl*, oswa Sen *Entèl entèl* te di. M vle konn kisa Bondye te di. Sa se baz lan. M vle konn sa Sa ye. Yo pa fè l.

342 Kounye a, gade, lè se tan pou sèt vwa yo. Alò se moman an, lè Liv lan konplete, pou sèt vwa yo nan Apokalips 10 revele. Kounye a remake. Koute.

343 Kounye a, m pap kenbe nou twò lontan. M konnen m ap fatigue nou, isi a. Li dizè mwen ven. [Asanble di: “Non. Ou mèt ale!”—Editè a.] Koute byen kounye a. M konnen ke nou kanpe, e ke nou tout ap chanje pozisyon. M ap kontan lè legliz lan vin ranje, konsa nou pap gen pou nou restrenn. N ap ka pran tout jounen an pou preche L.

344 Kounye a remake. Kounye a note. Sèt vwa yo se te tonè, ekla.

Bondye, ede nou. Si m gen tò, Seyè, padone m.

345 M ap poze nou kesyon an. Te gen yon kout tonè, lè vwa sa a te sonnen. Èske nou te remake, ke, lè Sèt So yo ki swiv sèt laj legliz yo, lè Premye So an te louvri, ke te gen yon tonè? Premye So nan Liv lan te louvri, te gen yon tonè; èske Premye So sa a sou deyò Liv lan pa tap louvri menm jan an? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Bondye pa chanje pwogram Li. Ann vire nan Apokalips 6.

Aprè sa mwen wè Ayo an te kase yonn nan sèt so yo. Lè sa a, mwen tande youn nan kat bèt vivan yo pale, ou ta di se te yon kout tonè. Epi te di: Vin wè!

346 Kounye a, pat janm gen yon lòt tonè. “E dènye So an te louvri, te gen nan Syèl la yon demi èdtan silans.” Men, lè Premye So an te louvri te gen yon kout tonè.

347 O, legliz, èske se te ka sa? Èske nou lwen konsa? Zanmi, panse. Petèt. M swete se pa sa. Men e si se sa? Kisa bri sa te ye? E devan Bondye, ak Bib louvri sa a, m pa bay manti. On eksplozyon ki souke tè a!

348 E lè Premye So an, pami sèt yo ki te louvri nan Bib lan, jis Youn te soti, men yon eksplozyon ki te souke tout bagay la; yon tonè. E lè sa a, si So yo ki nan bò dèyè an tap louvri, èske l pa tap yon tonè, tou? M pa konnen. M pa ka di.

349 Te gen yon tonè, Premye So an, epi So an te yon tonè. Twonpèt la te louvri nan moman sa a. E Twonpèt la te sonnen nan Pannkot, byensi. M pap antre nan sa.

350 Kounye a, si vizyon an te selon Lekriti; vizyon m ap pale de li a, ke m te wè samedi pase nan maten. Sa fè on semèn, kounye a. Si, kounye a sonje isi a, si vizyon an te selon Lekriti, li dwe entèprete pa Lekriti, oswa on kontinyasyon de menm Ekriti an. [Frè Branham fè poz—Editè a.] M te jis tann, pou sa byen antre. Si...

351 Sa ke m te wè, sa l te ye, m pa konnen, men m pè amò. Èske nou deperi? Èske nou nan fen an? Sonje, Zanj sa a te di, lè sa a rive, Li te jire: “Pa tap gen tan ankò.” M mande m si nou vrèman konprann sa a.

352 Ou di: “Ebyen, sanble Li tap eklate atra-...” Frè, Li vini nan on minit ke nou pa panse. Ou pral tande L dènye fwa w.

353 Kounye a èske L klè? Lè Premye So an te louvri, So yo ki te anndan Liv lan, mistè sa yo ke yo te fè sonnen: jistifikasyon, sanktifikasyon, legliz Katolik Women, Pwotestan! E lè tout ti batay yo ak bagay sa yo kite tras yo nan Pawòl Bondye a, setyèm anj lan vini epi rasanble yo tout epi eksplike yo. Ou wè? E lè sa a, li fini, Sèt Tonè pwononse.

354 Lè Jan te kòmanse ekri, te di: “Pa ekri L. Men, sele L.”

355 “E Premye So an te louvri,” de So ki sou anndan Liv lan, Li te louvri ak on tonè. Uh!

356 Si se Lekriti, li ka sèlman sa... Si yon Ekriti se... Nenpòt bagay ki sipoze sot nan Bib lan...

357 Se jis tankou, nou pa ka di m gen on bagay tankou on “pigatwa” ak bagay kon sa. Pa gen okenn Ekriti nan Bib lan pou kore l. Nou pa ka pale m de bagay sa yo, tankou liv Maccabee an, ke yo te ka kòrèk... “Epi katryèm Liv Danyèl sa a, kote yon Anj te atrap li nan cheve sou tèt la, epi te di... fè l chita.” Pa gen okenn bagay konsa ki te janm pase nan Bib lan, kote: “Jezi de Nazareth te fè on ti zwazo an ajil, epi mete pye sou li, te di: ‘Fiou! Vole, ti zwazo,’” sa san sans. Pa gen anyen nan Bib lan pou kore sa. Kifè li pa twonpe... Tradiktè yo—yo, Bondye te wè ke tradiktè yo pa tap menm ajoute dògm ak san sans sa a. Te ka dè bon moun, frè Maccabee yo. Yo te sa. M pa di yo pat bon moun. Men se pat selon Lekriti.

358 Sa se revelasyon konplè Jezikri. “Anyen pa ka ajoute nan Li oswa retire nan Li.” E si nou mete sa anndan La a, li pa aji ak rès Ekriti a. Gen swasannsis Liv nan Bib sa a, e pa yon Pawòl ap di kontrè lòt La.

359 Epi apre, si sa se kontinyasyon an, pou kout son dènye twonpèt sa yo, oswa dènye Sèt Tonè sa yo k ap vini, mistè yo, dènye So yo, L ap gen pou fè konpetisyon, oswa konpare, ak rès Ekriti a. E si premye sa Yo anndan la a te louvri ak on kout tonè, dezyèm Yo ap fè l, tou, ki sou bò dèyè a. Gade sa k rive. Si vizyon an te Lekriti, alò li dwe entèprete pa Lekriti, oswa yon kontinyasyon de menm Ekriti an.

360 Remake, Apokalips, 3 ak 4, “Sèt Tonè.” Sèt Tonè, epi remake, 3 ak 4, epi apre (kisa?) yon sèman nan men Anj pisan sa a, ke: “Tan te fini.” Lè Tonè sa yo, nou wè, te pote vwa yo, alò Anj lan...

361 Jis panse a sa! “Yon Anj, abiye nan yon nyaj, ak yon lakansyèl alyans sou tèt Li.” Pouki, nou konnen Kimoun sa ye. “Mete on pye sou tè a, ak on pye sou lanmè a, epi leve men L epi te jire, ke: ‘Lè Sèt Tonè sa yo te pwononse vwa yo,’ ke: ‘pa tap gen tan ankò.’”

362 E si ministè mistè Bondye yo fini, e si sa se sèt mistè sa yo kap vini? E yon ti legliz enb tankou pa nou an, ke Toupwisan an te vini epi te konsidere kondisyon byen ba moun Li yo! Ou di: “Kisa? M pa panse sa.” Li te ka pa sa. Men e si se sa? Alò tan fini. Èske nou te panse sa? Se pou n serye. Li ka pi ta pase nou panse.

363 Zetwal sa yo kap tonbe nan konstelasyon yo laba a! Zanj sa a kap vini, epi te di: “Menm jan yo te voye Jan pou konkli Ansyen Testaman an epi mennen prezantasyon Kris la, yon Mesaj ap konekte bout lib yo epi ap prezante Mesi an jis anvan Vini Li, Mesaj dènnye jou yo.”

364 Remake, Anj pisan an te jire, ak on sèman, ke: “Pa tap gen tan ankò.”

365 Kounye a, m pa vle kenbe nou twò lontan. Jis panse a sa, on minit kounye a.

366 Kounye a koute. Anj sa a desann sot nan Syèl. Ou wè? Lòt la, sèt anj de sèt legliz yo, se te mesaje terès. Men Anj sa a... Tout Mesaj la fini; setyèm anj lan konkli tout bagay la. E Anj sa a pa vin sou tè a; Li pa yon nonm ki sot sou latè, menm jan ak mesaje pou laj legliz yo; sa fini. Men, Anj sa a pote pwochen anons lan. E yon *anj* vle di yon “mesaje.” E Li desann sot nan Syèl, abiye nan Kolòn Limyè sa a, Nyaj, ak on lakansyèl sou tèt Li. E yon lakansyèl se yon alyans. Se te Kris: “Ak yon pye sou tè, epi youn sou lanmè a, epi te jire, ke: ‘Pap gen tan ankò.’”

Ki kote nou ye, mesye? Kisa tout bagay sa a ye? M ap mande nou.

367 Lòt zanj yo te mesaje, dèzòm sot sou tè a. Men Anj sa a... Sila yo, ki te di: “Bay anj legliz Lawodise a,” “Bay anj legliz Efèz lan,” mesaje sot sou tè a; ou wè, dèzòm, mesaje, pwofèt, e latrize, pou legliz la.

368 Men, Sila a pat sot sou latè. Li desann sot nan Syèl, paske tout mistè a fini. E lè mistè a fini, Anj lan te di: “Pap gen tan ankò,” e Sèt Tonè yo te voye vwa yo soti.

369 E si se on bagay pou kite nou konnen kijan pou antre nan Fwa Anlèvman an? Èske se sa? Èske n ap kouri, sote sou mi yo? E èske gen yon bagay ki pare pou l rive, epi vye kò gate, degoutan sa yo pral chanje? Èske m ka viv pou wè li, O Seyè? Èske l sitèlman pre ke m ap wè li? Èske se jenerasyon an? Mesye, frè m yo, ki lè l ye? Ki kote nou ye?

370 Ann gade mont lan, almanak la, pou wè nan ki dat n ap viv. Izrayèl nan Palestin, nan patri l. Drapo an, zetwal sis pwent David lan (sa fè de mil an, ya, sa fè prèske de mil senksan

zan), pi ansyen drapo an, ap flote. Izrayèl tounen nan patri l. “Lè pye fig la pouse boujon li, jenerasyon sa a pap mouri, pap pase, pase ale, jiskaske tout bagay akonpli.”

Nasyon ap kraze, Izrayèl ap leve,

Siy ke pwofèt yo te anonse davans;

Jou Moun lòt Nasyon yo konte, ak machin pou kiltive yo ankonbre;

“Retounen, O gaye yo, al jwenn pa nou yo.”

Jou redanmsyon an toupre,

Kè lèzòm ap defayi pou perèz;

Se pou n ranpli ak Lespri a, lanp nou taye epi klè,

Gad anlè, redanmsyon nou toupre!

Fo pwofèt ap bay manti, y ap renye Verite Bondye,

Ke Jezi Kris la se Bondye nou.

Nou konnen se Laverite! Ya.

Men n ap mache kote apot yo te mache.

Paske Jou redanmsyon an toupre,

Kè lèzòm ap defayi pou perèz;

Se pou n ranpli ak Lespri a, lanp nou taye epi klè,

Gad anlè, redanmsyon nou toupre!

371 Te ka pi pre pase nou panse l ye. Sa fè m pè. O, m pat fè ase. Ki kote nou ye?

372 “Pap gen tan ankò.” Li anonse ke tan fini. Kisa k rive? Kisa k rive? Èske se te ka sa kounye a, frè? Panse serye. Si se sa, alò piramid lan kwafe pa Sèt Tonè yo.

373 Nou sonje Mesaj piramid lan? Se Wòch ki kwafe an. Kisa L te fè? Sentespri an te kwafe endividi an epi sele l, lè nou te ajoute nan lafwa nou; jistis, ak pyete, ak lafwa, e latriye,

epi te kontinye ajoute sou li jouk nou te gen sèt bagay. E setyèm lan se te lanmou, ki se Bondye. Se konsa Li fè endividi an, epi kwafe l epi sele l ak Sentespri a.

374 Alò, si se sa, Li gen sèt laj legliz, ke L te gen sèt mistè ki te sonnen soti, epi yo te goumen pou yo, pou mennen tounen. E kounye a Pyè fetyè a vini, pou kwafe Legliz la. Èske Tonè yo vle di sa, frè m yo? Mesye, èske se kote nou ye a?

375 Junie, m vle pran rèv ou a. Gade. Junior, anvan piramid lan te janm preche, dè mwa anvan sa, te wè rèv sa a.

Ou di: “Kisa k pase ak on rèv?”

376 Nebuchadnezzar te fè on rèv ke Danyèl entèprete, te di kòmansman laj Moun lòt Nasyon yo epi kilè li tap pati. E sa te fèt jis egzakteman fason sa a. Pa on sèl pati te fayi.

377 Nou remake? Ekriti a ke...ki te sou wòch yo, m te entèprete L pou yo. Yo te kontan. Se “mistè Bondye a” ke yo pat konprann, pandan dè zane. Èske se te ka sa?

378 Epi apre remake. Nan on fason mistè, nou te ranmase, sot anlè a, yon zouti file ki te louvri tèt la. E anndan la a te gen granit blan, men Sa pat entèprete. Pat gen okenn lèt. M pat entèprete Sa, Junior. M te jis gade L, epi m te di frè yo: “Gade Sa a.” E sa akonpli, aswè a.

379 E pandan yo tap etidye Sa, m te glise nan direksyon lwès. Pou fè kisa? Petèt pou konprann entèpretasyon de sa ki ekri sou tèt Sa a. Èske se te ka sa?

380 E Sila yo, ki tap eksploze, lòt jou maten an, ki te souke m dwat jouk m te leve anlè a, wo menm jan ak bildin sa a, konstelasyon Zanj sa a, sèt Anj nan fòm yon piramid. Èske se Tonè sa yo kap vini? Èske se te ka sa?

381 Tout sa te entèprete. Selon rèv li a, tout te fini. Selon Pawòl Bondye, setyèm mesaj a pral fini, setyèm Mesaj pral fini, epi apre Sèt Tonè yo. E l te wè pyè fetyè a te woule.

382 Ke, anpil moun pa menm konnen ke gen Sèt So ki dwe revele. M te li liv plizyè mesye sou Apokalips, m pat janm tande yo te pale sou Li. Yo sote Sa a. Men yo te di nou ke Li la a.

383 M pa konn kisa l ye. Èske se te ka sa? Bondye gen pitye pou nou! Si se sa, nou nan yon lè grav. Kounye a, jis on minit, gade. Si se sa, epi mistè an fini, ki te ekri nan wòch sa yo.

384 M kontan m chita nan yon legliz ak moun ki gen krentif Bondye ke Bondye ka ba yo yon rèv. M kontan pou m prezante bay gason ak fanm sa yo ki al nan legliz Junior an, ak bay legliz sa a, bay pa Frè Neville lan, avè yo, ke gen moun ki chita nan asanble sa a, e Bib lan te di: “Yo tap fè rèv nan dènye jou yo.” E men li. Epi gade li, l ap konpare ak Pawòl la.

385 M pa konn anyen sou sa, yon eksplozyon vini, e men sèt Anj vini sot nan Letènite. M te di: “Seyè, kisa W ta vle m fè?” Sa pat di. M ka gen pou m ale, dabò, pou m chache konnen. M pa konnen. Li te ka pa menm sa. M pa konnen. M jis ap di: “E si se sa?” Si se selon Lèzekriti, sa sanble l trè pwòch li. Èske nou pa panse sa? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

386 Gade. Alò, gade, wòch ki kwafe an pat entèprete. Ou wè? “Ale nan lwès, epi tounen.” Oswa, èske se sa, èske se sèt Anj sa yo nan konstelasyon sa a ki te vin jwenn mwen?

387 E lè m rankontre nou nan Jou rezireksyon an, n ap wè ke m pa bay manti; Bondye, Jij mwen.

388 Oswa, èske se dezyèm pi gwo pwen ke m te pale sou li lòt jou an? Èske se sou on bagay k ap vini pou Legliz lan? M pa konnen. M te ka ret sou sa on tikal, men m ap kontinye.

389 Èske se te ka sa, tonè pwisan an, oswa setyèm Anj lan nan sèt, konstelasyon, setyèm peryòd konstelasyon, piramid yo a te fè yon fòm (twa sou on bò, epi youn anlè), e yo te tonbe sot nan Letènite? Èske se te ka sa?

390 Èske se mistè a, de Tonè yo, k ap mennen Pyèfetyè a tounen? Nou konnen, piramid lan pat janm kwafe. Pyè fetyè ankò nan wout. Yo te rejte L. Èske se te ka sa, frè, sè?

391 Oswa, èske sa se Twazyèm Pull sa a ke L te pale m lan, sa fè twa ou katran?

392 Premye Pull lan, nou sonje kisa k te rive? M te eseye eksplike L. Li te di: “Pa fè sa.”

393 Dezyèm Pull lan, Li te di: “Pa eseye.” E m te reyisi, kanmenm. Nou sonje? [Asanble di: “Wi.”—Editè a.] Nou tout sonje. Li sou kasèt ak tout bagay.

394 Epi apre Li te di: “Kounye a gen yon Twazyèm Pull kap vini, men pa eseye eksplike L.” Nou wè kijan m te apwoche Sa, aswè a? M pa konnen. Men, m santi se devwa m, anvè legliz mwen, pou m di on bagay. N ap rale pwòp konklizyon nou.

395 Kounye a, èske se pral mistè ki tap louvri, ki tap mennen Kris, pote on Pwisans bay Legliz la? Ou wè? Nou deja...

396 Nou kwè nan repantans, nan batize nan Non Jezikri. Nou kwè nan resevwa Sentespri an. Nou gen siy, bèl mèvèy, mirak, pale nan lang, ak bagay ke Legliz primitiv lan te genyen. E, franchman, te gen plis ki te fèt, isi a menm, pase sa ki ekri nan Liv Ak yo, nan grenn ti gwoup moun sa a, ti ministè toupiti nou an isi a. E pou tout mond lan? Ou wè? Plis pase sa ki ekri nan Liv Ak yo, menm jan an! rezireksyon mò yo! Sonje, te gen sèlman apeprè twa moun ke Jezikri te leve, sot nan lanmò. E nou gen nan dosye, dosye doktè, senk. Ou wè?

397 “Zèv ke M fè yo, nou va fè pi plis pase sa.” M konnen King James di “pi gran,” men nou pat ka fè anyen ki pi gran. Plis nan li! Li te nan yon sèl Pèsòn lè sa a; Li nan tout Legliz lan kounye a. Ou wè? “Nou va fè plis pase sa, paske M pral jwenn Papa M.”

398 Si se Twazyèm Pull lan, alò gen yon gwo ministè kap tann nou. M pa konnen. M pa ka di. M—m pa konnen.

399 Gade. Twazyèm Pull, ann kanpe sou sa, on minit. Nan vizyon an, premye vòl la se te ti zwazo mesaje; se te lè nou te fèk kòmanse. Li te grandi, soti nan jis pran on moun nan men.

400 E nou sonje kisa L te di m? “Si w ap sensè, sa ap rive ke w konnen sekre kè yo menm.” Konbyen moun ki sonje sa te anonse depi isi a, ak atravè nasyon yo? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] E èske sa te rive? [“Amèn.”] Egzakteman. Apresa te di: “Pa pè. M ap avè w.” Ou wè? E sa va kontinye.

401 Kounye a, Premye Pull lan se te ti zwazo, toupiti; vole yo. Yo te kontinye al rankontre tan an, rankontre Vini Seyè a; premye Mesaj la.

402 Dezyèm fwa a, sekre kè a. Sot nan pran on moun nan men, epi jis kanpe la a epi ap di sa yo te genyen; pwochen fwa an, sa te revele peche yo epi te di yo kisa pou fè. E ma...Èske se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Apresa, sa rive, pafètman, jis jan Bondye te di l. E nou se temwen, e mond lan tou, legliz lan tou.

403 Lè m te di: “M te wè yon Zanj, epi L te on Dife koulè emwod, kap boule,” moun te ri epi te di: “Billy, reprann tèt ou.” Je magik syantifik kamera an te pran L. M pa tap bay manti. M tap di Laverite: Bondye konfime.

404 M te di: “kouvri ak lonbraj tenèb; se lanmò, nwa. E Sa a blan. Youn se Lavi, lòt lan se lanmò.” E men Li, sou foto an dèyè la a. Nan...

405 Jan Georges J. Lacy—Lacy te di: “Je mekanik kamera sa a pap pran sikoloji.” Èske n ap swiv mwen? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

406 Remake, premye ti vòl la; men. Dezyèm la te pi gran, pi blan, kolonm; Sentepri ap revele sekre kè a. E twazyèm vòl la se te Zanj (pa zwazo), Zanj; e se tan fen an, se tout sa. Èske se pral tan an, frè? Èske se tan an?

407 Kounye a koute trè byen, e pa entèprete sa mal. M vle mande nou on bagay.

408 Ann retounen jis on minit. Legliz lan konnen se laverite. Mond syantifik la konnen se laverite. E moun chita anndan isi a, aswè a, e anpil toujou ap viv, ki te kanpe isi a sou rivyè a

lè Vwa sa a te pale sa, epi te di: “Menm jan yo te voye Jan ak on mesaj nan premye vini an, se konsa dezyèm Mesaj sa ye, sou dezyèm Vini an.” Sonje? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

409 E si Sa fini, kisa Jan te fè? Jan se te moun ki te di: “Gade, men Ayo Bondye a ki retire peche mond lan. Se Li.” Èkse lè a, èske l rive, frè m? M pa di li rive. M pa konnen. Men, m ap mande nou. M vle nou reflechi. Oswa, èske sa se pral tan an kote l pral fèt ankò: “Men Ayo Bondye a”?

410 Oswa, tan Malachi 4 la: “Pou fè kè timoun yo tounen bay Lafwa papa nou yo”? Èske se pral sitèlman yon eksplozyon ki pral—ki pral fè sitèlman dè bagay pwisan, jisjaske l ap tabli Legliz la, ki te panche epi pa ka konprann mistè Bondye yo, e latriye? Lè yo wè eksplozyon pisan sa a ki simaye, èske sa pral fè kè yo tounen bay Papa a, jan Bib lan te di l tap fè? Oswa, èske sa se te Mesaj la, ki pase deja, ki te dwe fè sa? M pa konnen.

411 Sa se siy tan fen an, mesye. Oswa, èske se siy lan ke sa fini? Li sanble anpil avèk Lèzekriti, pou mwen. M pa konnen. Te gen Zanj sa yo. Te gen yon eksplozyon, tankou yon tonè, ki te souke tout tè a. Bondye konnen m di laverite.

412 Jis sonje, on bagay ap pare pou rive. M pa konn kisa l ye. Men èske se te ka sa? Rezon kifè m di sa, pare tèt nou! Annou priye, (priye kòman?) pran pozisyon nou nan lame kwayan L yo, epi pare tèt nou, paske li ka pi ta pase n ap panse.

413 Nou konnen m, e m potko janm ban nou on manti, selon sa m konnen. E jan Samuel te di yo: “Èske m te janm di nou on bagay, nan Non Seyè a, sof sa ki rive?” Kounye a, m ap di nou kounye a. M pa konn sa sa ye. M pa ka di sa sa ye. M pa konnen. Men, m pral di nou Verite. M pè. Antan ke frè nou, m te pè depi samdi pase.

414 Se ka tan fen an. Se ka tan pou lakansyèl yo simaye nan syèl la, epi yon anons sot nan syèl yo, ap di: “Pa gen tan ankò.” Si se sa, ann pare tèt nou, zanmi, pou rankontre Bondye nou a. Te gen anpil Manje ki te poze anndan an kounye a. Ann sèvi avè L. Ann sèvi avè L kounye a. E avè m, depi nan lestrad la, m rele bay Bondye: “Seyè, gen pitye pou mwen!” M te eseye viv pi byen ke m te konnen. M te eseye pote Mesaj yo pi bon fason ke m te kapab, sot nan Pawòl Bondye a. Bondye konn kè m.

415 Men, lè konstelasyon Zanj sa a te bale atè sa a, m te paralize. M pat ka menm gen sansasyon, pandan yon bon moman. Te menm santi tankou, on bon moman apre, m ap eseye mache nan sal la, menm depi nan rèl do m, epi monte desann nan kou m, te paralize pafètman, tankou, epi okenn sansasyon. M pat ka santi, nan men m. M te gen yon on toudisman, tout jounen an. Mwen—m te jis al nan chanm lan epi chita.

416 Dimanch, m desann isi a pou m pale, e m—m te eseye souke kò m sot nan sa, nan pale. Lendi, li te la ankò. E l isi a kounye a.

417 E m pa konnen. M pa konnen, mesye. M sèlman onèt, avè nou, kòm frè m. M pa konnen. Èske li—èske li lè? Èske minis-...tout mistè a fini? Èske tout sonnen an fini? Èske se vrèman Sèt Tonè sa yo, ki pare pou pwononse on bagay, ke ti gwoup ki rasanble ansanm lan pral resevwa yon Fwa pou Anlèvman, pou al nan Anlèvmman lè L vini? “Paske n ap chanje,” rapid menm jan Zanj sa yo vini, “nan on moman, nan on bat je; e nou va pran monte ansanm ak sila yo ki te dòmi, pou rankontre Seyè a anlè a.”

Priye m se:

418 Bondye, si se sa, m pa konnen, Seyè. M te jis ap di legliz la. Si se sa, Seyè, pare kè nou. Fè nou pare, Seyè, pou gran lè sa a. Ke, tout istwa tan an, tout pwofèt yo ak saj yo te tann tan sa a. Seyè, m pa konn kisa pou m di. M tap pè di: “Pa vini, Seyè.” M santi m wont tèt mwen, lè m gade wè mond lan nan kondisyon an, m pat fè pi plis pase sa m te fè pou sa. M wont tèt mwen. Si gen yon demen, Seyè, wenn kè m. Wenn mwen pi gran, Papa, konsa m ka fè tout sa m kapab, pou mennen lòt ba Ou. M se pa W.

419 M santi m tankou Ezayi, nan tanp lan jou sa a, lè l te wè Zanj yo ap vole ale vini, ak zèl sou visaj Yo, ak sou pye Yo, epi ap vole ak zèl: “Sen, sen, sen!” O, kijan jenn pwofèt sa a te souke. Li kòmanse pran laj on tikal. E lè l te wè sa, menm si l te wè vizyon, le te rele: “Malè a mwen!”

420 Papa, petèt m te santi m enpe kon sa, lè m te wè Zanj sa yo lòt jou swa an, oswa lòt jou maten an, pito. Malè a mwen, paske m se yon nonm ak bouch pa pwòp, e m abite nan mitan moun ki pa pwòp. E, Papa, netwaye m.

421 E men mwen. Voye m, Seyè, kèlkeswa sa l ye a. E m kanpe nan lestrad sa a kote m te ye pandan trant an. Si gen on bagay, Seyè, Ou vle m fè, men mwen. M pare, Seyè. Men, se pou m jwenn gras nan je W. Ak imilite, mwen priye.

422 M priye pou ti twoupo ke Sentespri a te fè m siveyan jeneral li, pou nourri yo. E m te fè tout sa m konnen kijan pou m fè, Seyè, pou nourri yo nan Pen Lavi a. Tankou nan vizyon sa a, sa fè plizyè lane, kote gran rido sa a te poze nan Lwès, e yon mòn Pen Lavi a; ti liv la: “*M Pat Dezobeyisan A Vizyon Selès La.*” E men tout rive, te revele dwat nan figi nou.

423 Ou se Bondye, e pa gen okenn lòt ke Ou. Resevwa nou, Seyè. Padone nou peche nou yo. M ap repanti pou tout enkredilite mwen, pou tout inikite m. M plede sou lotèl Bondye a.

424 Antan m vini aswè a, ak ti legliz sa a devan m, pa lafwa nou deplase sot nan bildin sa a, nan anlèvman, “antan nou chita ansanm nan plas Selès yo,” nan viwonn Twòn Bondye an. Kè nou te chofe plizyè fwa, nan bagay ke nou te wè W fè, epi dewoule mistè W yo ban nou. Men, Seyè, aswè a, m tou bouke. Malè a mwen!

425 E—e pa Jacob, lè l te wè Zanj sa yo ap desann nechèl la epi ap retounen, li te di: “Sa se on plas terib, pa lòt pase kay Bondye.” E se la a Bethel te tabli.

426 Bondye, moun pa konprann sa. Yo panse ta pral gen sitèlman lajwa. Men, Seyè, ala penib, ala on bagay terib pou on èt imen vin nan Prezans yon gran Èt Selès pisan.

427 M priye pou padon ti legliz mwen isi a, ke W te voye m desann pou—pou—pou—pou m kondwi epi pou m gide. Beni yo, Seyè. M te fè selon sa vizyon ak rèv ak bagay yo te di, selon sa m pi byen konnen. M te poze tout Manje a ke m konnen kijan, pou yo, Seyè. Kèlkeswa sa l ye a, Seyè, nou pou Ou. Nou remèt tèt nou nan men W, Seyè. Gen pitye pou nou. Padone nou. Epi kite nou se temwen W toutotan nou sou tè a. Apresa, lè lavi fini, resevwa nou nan Wayòm Ou. Paske m mande l nan Non Jezi. Amèn.

428 Nou chak, netwaye tout kè nou. Mete tout bagay sou kote, tout chay, kenbe l andeyò wout nou. Pa kite anyen deranje nou. Pa pè. Pa gen anyen pou nou pè. Si Jezi ap vini, se yon trè...Se moman ke tout mond lan te jemi epi rele pou li. Si se on bagay kap parèt kounye a, pou on—on nouvo vini, on nouvo vini de on nouvo don oswa on bagay, sa pral mèveye. Si se tan vini an ke revelasyon Sèt Tonè yo ap revele bay Legliz la, kijan pou l ale, m pa konnen. M te jis deklare sa m te wè. O la la, ala yon moman! Se refleksyon serye epi solanèl.

429 E si se tap tan pou m ale, M se pa w...Seyè, M se pa W. Lè W fini, vini, Seyè Jezi.

430 Kèlkeswa kote l ta ka ye, oswa ki lè l ka ye, mwen pou Li. M pa di m dezire pati; m pa di sa. M gen yon fanmi pou m leve. M gen Levanjil la pou m preche. Men, sa se selon volonte Li, pa pa m. Se volonte L. M pa konnen.

431 M jis ap deklare nou sa l ye. Sa l ye, Bondye ap fè l rive. Men m di nou sa m te wè epi sa k te rive. Sa sa te vle di, m pa konnen. Men, mesye, èske se te ka fen an? Uh!

432 Moun yo prezan kounye a, sis moun ki te gen rèv sa yo. Èske se pa etranj pat gen sèt? Èske li pa trè etranj? ke sis te kondwi monte dwat, epi apre vizyon sa a, imedyatman. Moun yo isi a. Frè Jackson, isi a, te youn; Frè Parnell te yon lot; Sè Collins te yon lòt; Sè Steffy te yon lòt; Frè Roberson te yon lòt; epi Frè Beeler te yon lòt. E Papa ki nan Syèl la konnen pat gen yon sèl lòt ki te pou li. E nan fen sa a, setyèm lan...ki te Sè Steffy, imedyatman vizyon an parèt. Nou wè? Nou wè poukisa m ap pati? Nou wè poukisa m dwe ale? M dwe fè l.

433 E, zanmi, pa gade sou mwen. M se frè nou. Pa pote atansyon a mwen, paske m jis yon mòtèl. M dwe mouri tankou tout lòt moun. Piga nou koute m; men koute sa m te di. Sa m te di se Mesaj la. Pa pote okenn atansyon a mesaj an; gade Mesaj la. Kenbe je nou, pa sou mesaj an, men sou Mesaj la. Sa Sa te di, se bagay la pou gade.

434 E Bondye ede nou, se priyè m. M rayi...M pat vle vini, di nou sa, men m pa ta kache nou anyen.

435 Kounye a, otan ke m konnen, kite m di nou. Otan ke m konnen, m ap pati nan pwochen de oswa twa jou yo, mèkredi maten, pou...pou al Tucson. M pa pral Tucson pou preche. M pa pral la a pou preche. M pral Tucson, pou enstale fanmi m nan lekòl, epi apre vin on moun kap ere.

436 M pral jouk Phoenix, pou òganize ti liy reyinyon sa a, ki petèt ap jis dè ti Mesaj nan viwonn lan. Epi—epi apre, petèt, m pa...

437 M panse yo vle m preche nan konvansyon an yon nwit. Yo pat janm di anyen sou sa, yo te jis di m tap la. Ou wè, sa pa sonnen trè byen, pou mwen.

438 E m te gen yon pawòl, MEN SA SEYÈ A DI, pou Frè Shakarian, tou. En en. M pa konn kisa l ap fè avè l, men m gen pawòl lan pou m di l. M pa konn kisa l ap fè. Sa depann de li. Èske nou te remake dènye Vwa an? Li sipoze pa yon òganizasyon, men yo te deklare kredo yo. Yon òganizasyon, alò m ap bay vag/m ap lage kò m lwen. M sot nan bagay konsa.

439 Kounye, sipoze, Frè Arganbright ak Frè Role, yon diplomat Washington anba sèt Prezidan, te dwe an Afrik. E Frè Role, avè m, ak Frè Arganbright, nou pral an Afrik touswit, pou kèk reyinyon anba nan Afrik di Sid ak Tanganyika, ak Frè Boze. Epi kontinye desann nèt, epi petèt monte nan Australia, epi atravè wout sa a, tounen, si Seyè a pa fè on bagay diferan. Men, anvan m ale, m ap tounen isi a.

440 Alò, lè m tounen sot la a, si Bondye pa pale avè m, kèk lòt fason, m pral chache fanmi an epi demenaje jouk apeprè nan Anchorage, Alaska. Sa se sidwès; se pral nòdwès. Epi apre kite yo rete la a pandan ete a, lè l sitèlman fè cho anba nan Tucson jouk li boule po w. M pa panse yo te ka sipòte l. Yo tap sitèlman gen mal peyi a epi dekouraje! Nou pap vann kote a. L ap rete la menm, ak mèb yo nan kay la. M pa konn kisa pou m fè.

441 Lè sa a, tan ete a fini, si Seyè a vle, m vle kite Alaska, epi desann nan bò Denver, sant wès; sidwès, nòdwès, sant wès, ap rele: “O Seyè, kisa W ta vle m fè?”

442 Pandansetan, chak Mesaj, otan ke m konnen, ki pou preche, pral fèt isi a menm, tabènak sa a. Men kote kasèt yo pral ye. Men kote katye jeneral lan ye.

443 E m pa gen entansyon rete, ak fanmi m, nan Lwès. M pral chache jouk m jwenn sa Bondye vle m fè a.

444 Si ane sa a pa regle l, alò, ane pwochèn, san dlo ak manje, m ap mache al nan dezè a, epi m ap tann jouk Li rele m. M pa ka kontinye kon sa. Nou dwe vin desespere. Nou dwe rive nan plas kote nou vle konnen kisa ki volonte Bondye. E kijan nou ka fè volonte an si nou pa konn volonte an?

445 M ap vanse, poutèt kontèks vizyon sa a: “Sa w te fè.” Ou wè? Prale la a kòm misyonè epi evanjelis, jiskaske sa rele vini. Sonje premye an, lè nou te poze pyè angilè sa a? Li te di: “Fè travay yon evanjelis.” Li pat di: “Ou te yon evanjelis.” Men, “Fè travay youn,” petèt jiskaske tan an vini pou on lòt bagay, on lòt chanjman travay. Te ka on bagay diferan. M pa konnen.

446 Èske nou renmen Li? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Se pou nou vrèman sèten de sa. Se pou vrèman sèten de sa, sila yo ki renmen Seyè an.

Sila yo ki tann Seyè a, va renouvle fòs yo,

Yo va monte ak zèl tankou yon èg,

Y ap kouri epi pa bouke, mache epi pa endispoze;

O, anseye m, Seyè, anseye m, Seyè, pou m tann.

Mwen renmen L. M konnen nou renmen L, tou. Kounye a, demen swa...

447 M panse m te fè l klè anpil. Se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Klè jan m konnen kijan pou m fè l, se tout sa m konnen. Se tout sa m konn sa pou m di. E si sa revele ban mwen, pou on bagay, m ap di nou byen rapid. M konnen nou entèrese, konnen. M entèrese, konnen. M pa konn kisa l te vle di. M pa konn ki kote—ki kote m prale. Mwen—m pa konn kisa k pral rive. M—m jis...Sèl bagay m konnen, m jis prale, pa gras Bondye. Apresa, L ap di m lè m rive la a, petèt. Men, pati pa m lan kounye se, ale. E m te ka pa la a pandan de semèn, jouk m ap on lòt kote, epi m te ka tounen isit la. Se vre. M pa konnen. Men mwen...

448 Vizyon sa a te gen madanm mwen ak pitit mwen yo nan sa. E bagay la menm ke l te ye a, m te nan yon charyo ki kouvri. E nan minit m te mache antre anndan la a, te gen, m te nan station wagon mwen. E se fason sa a nou pati, pou kèk jou, pa konn kote nou prale, pa konn kisa nou pral fè lè nou rive la a, jis prale.

449 Bondye etranj, pou nou, paske fason Li yo depase chache konprann. Li vle obeyisans.

“Kote W prale?”

“Sa pa gade w. Jis kontinye ale.”

“Kote W vle m fè, Seyè?”

450 “Sa pa anyen pou ou. Oumenm, swiv Mwen.” En en. En en. “Jis kontinye mache.”

“Ki kote m pral kanpe?”

“Kisa sa ye pou ou? Jis kontinye mache.”

Kidonk, men m ale, nan Non Jezikri. En en. Amèn.

Mwen renmen Li, mwen renmen Li

Paske Li te renmen m an premye

E te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

Mwen...(Li se lavi m.) Mwen...(Se pou tout sa m te viv!)

Paske Li te renmen m an premye

E te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

451 Mesye, èske se tan an? [Frè Branham ak asanble an fredone refren an o konplè, ansanm, *Mwen Renmen Li*—Editè a.] E pandan n ap chante l ankò, bay on moun sou kote w lanmen. Di: “Frè, sè, priye pou mwen. M ap priye pou ou.”

Mwen...

452 [Frè Branham vire tounen—Editè a.] Priye pou mwen, Frè Neville. [Frè Neville di: “M ap fè sa, frè. Priye pou mwen, frè. Mèsi.”] Vrèman sensè! [On moun di: “Bondye beni w, Frè Branham.”] Priye pou mwen, frè. Priye pou mwen, sè. Priye pou mwen.

...mwen

E te ach-...

453 Priye, priye pou mwen,...?...Priye pou mwen,...?...Priye pou mwen,...?...Priye pou mwen.

...pyebwa Kalvè a.

Paske mwen...

Ann leve men nou kounye a ba Li.

...Mwen renmen...(Vrè lanmou!)

Paske Li te renmen m an premye

E te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

Wi, mwen...(Ak tout kè m!)

454 Swiv, Frè Neville. M ap tounen. Anonse lè a pou reyinyon an. [Frè Neville kontinye ap chante ak asanble a, *Mwen Renmen Li*, epi voye sèvis ale—Editè a.]